



**CIRCLE CITY *PREP***

ELÈV KI GEN VIZYON | LIDÈ KI RESPONSAB

# CIRCLE CITY PREPARATORY CHARTER SCHOOL

## MANYÈL POU ELÈV AK FANMI

### 2022-2023

***Konsèy Administrasyon***

*Shareyna Chang*

*David Fisher*

*Robert “Bobby” Grimm*

*Chad Miller*

*Alex Moseman*

*Megan Murphy, manm dofis*

*Drew Rosenbarger*

*Alexis Sowder*

*Leslie Tarble*

*Darrow Ne*

*Nigel Riggins*

Chè Fanmi Circle City Prep yo:

Se yon lonè pou nou akeyi w nan Lekòl Charter Circle City Prep la! Nou konnen ke reysit nou antanke yon lekòl depann de sipò paran ak gadyen legal nou yo, epi nou enpasyon pou fòme patenarya ki pozitif avèk nou chak. Nou atann anpil bagay nan men manm yo nan kominote Circle City Prep la, epi an retou, ou ka atann anpil bagay nan men nou.

Paj sa yo pral ede w vin plis familye avèk pwosedi, politik, ak pratik lekòl yo, epi yo ta dwe sèvi kòm yon resous pou fanmi yo apati premye jou lekòl la jiska dènye jou a. Byenke nou pa ka di si manyèl sa a pral reponn tout kesyon ou yo, li genyen enfòmasyon ki enpòtan, kidonk tanpri pran tan pou ou li l avèk anpil atansyon. An reyalyte, li l de fwa oswa menm twa fwa, epi apresya tanpri mete l yon kote ki an sekirite pou refere w ladan pandan tout ane lekòl la.

Yon nòt rapid tou, nou kwè nan chak grenn elèv epi nou genyen vrèman anpil gwo atant pou yo chak jou. Konsa, nou rele elèv nou yo entelektyèl (scholars). Nou pral wè sa nan manyèl nou an epi nou pral tandè l nan koulwa nou yo chak jou.

Anfen, nan manyèl sa a, ou pral aprann anpil bagay diferan sou Lekòl Charter Circle City Prep la. Ou pral aprann sou estrikti lekòl la, politik nou te mete an plas yo, ak atant nou genyen de manm yo nan kominote lekòl nou an. Si nou chanje yon politik nan nenpòt moman pandan tout ane a, ou pral resevwa notifikasyon alekri nan Dosye Devwa timoun ou an.

Si ou genyen nenpòt kesyon nenpòt lè, tanpri pa ezite poze nenpòt pwofesè oswa nenpòt manm pèsònèl.

Sensèman,

Megan Murphy

Chèf Lekòl la

[mmurphy@circlecityprep.org](mailto:mmurphy@circlecityprep.org)

Fondatè ak Chèf Lekòl la

Circle City Preparatory Charter School

## TABDÈMATYÈ

---

### Responsablite ak Obligasyon

Filozofi Nou

Valè Fondamantal ak Atant Nou yo

### Kilès Nou Ye

Konsèy Administrasyon

Pwofesè ak Manm Pèsonèl

### Politik ak Pwosedè Lekòl la

Lè Fonksyonman Lekòl la

Politik sou Pase Pran Elèv

Politik sou Prezans

Politik sou Reta

Politik sou Lage Bonè

Fèmti Akoz Move Tan ak Jou Ratrapaj pou Lanèj

Devwa

Travay Ratrapaj

Politik sou Inifòm

Jwèt, Telefòn Pòtab, ak Aparèy Elektwonik

Materyèl Lekòl

Kalandriye Anyèl

Evalyasyon

Rapò sou Pwogrè, Kanè, ak Rankont ant Lekòl ak Paran

Politik sou Pwomosyon

Politik sou Gradyasyon

Edikasyon Espesyal

Abandon nan Lekòl

Site ak Sekirite Batiman

Kanpis ki Fèmen

Politik sou Vizitè

Pwosedè sou Sekirite Ensandi

Kominikasyon Familyal

Byen ki pèdi ak byen yo vole

Transpò

Ti Dejne ak Manje Midi Nan Lekòl

Politik sou Ti Goute ki Sen

Alèji Alimantè

Selebrasyon Anivèsè

Dosye Entelektyèl yo

Non-Diskriminasyon

Politik sou Entènèt

Aksidan nan Saldeben

### Disiplin ak Valè DRIVE

Jesyon Konpòtman

Politik sou Seklizyon ak Retni

Sispansyon ak Ekspilsyon

### Akò ant Lekòl ak Fanmi

## **MISYON CIRCLE CITY PREP CHARTER SCHOOL**

---

### *Misyon Nou*

Atravès ekselans nan ansèyman akademik ak devlopman karaktè, Circle City Preparatory Charter School asire ke tout elèv K-8 yo genyen vizyon, asire ke yo se elèv epi yo responsab, ke yo se lidè ki pozitif sou wout kolèj ak yon lavi opòtinite.

## **RESPONSABLITE AK OBLIGASYON**

---

### *Filozofi Nou*

Circle City Prep Charter School kenbe manm kominote Circle City Prep la – elèv, fanmi yo, ak manm pèsònèl – selon nòm ki plis elve yo. Nou konnen ou te seleksyone Circle City Prep paske ou respekte menm nòm elve sa yo pou timoun ou an jan nou fè a, epi ou enpasyon pou travay avèk nou pou ogmante reyisit elèv ou an omaksimòm.

Pou bay pi bon edikasyon pou elèv Circle City Prep yo, nou tout dwe travay ansanm pou kreye yon atmosfè ekselans. Kòd Kondwit nou an baze sou responsablite ak obligasyon.

Akò Circle City Prep la ki nan dènye paj la soulinye responsablite lekòl la, fanmi an, ak elèv la pandan tout ane k ap vini an. Kontra a se pa yon lis ki konplè konsènan sa ki dwe fèt la, men li reprezante eleman esansyèl pwogram akademik nou an.

### *Valè Fondamantal ak Atant Nou yo*

- **Detèminasyon:** Nou fè tout sa nou kapab epi nou pa pè echèk.
- **Lespri Inisyativ.** Nou pa janm abandone. Nou mande èd epi nou itilize resous nou yo pou rezoud pwoblèm yo.
- **Entegrite:** Nou pran responsablite pou aprantisaj ak aksyon nou yo. Nou swiv direktiv yo premye fwa a. Nou aji yon fason ki apwopriye si ak lè nou fè yon erè epi nou resevwa yon koreksyon oswa yon konsekans.
- **Vwa:** Nou defann sa nou kwè ladan an yon fason ki apwopriye epi avèk rèspè. Nou travay pou fè chanjman ki pozitif.
- **Antouzyas:** Nou mete tout lajwa ak enèji pozitif nou nan tout sa nou fè.

## KILÈS NOU YE

---

### **Konsèy Administrasyon**

Circle City Prep dirije pa yon Konsèy Administrasyon ki pote pèspektiv paran yo, pèspektiv kominotè, edikatif, finansye, pèspektiv legal ak lòt pèspektiv pwofesyonèl yo pou mentni yon lekòl ki dirab epi ki florisan. Manm Konsèy Administrasyon yo genyen ladan:

- Megan Murphy, MA (mamn dofis) Chèf Lekòl
- Shareyna Chang, MA
- David Fischer
- Robert Grimm, JD
- Nigel Riggins, JD
- Darrow Neves. D.Chem
- Chad Miller, MA
- Drew Rosenbarger
- Alexis Sowder
- Leslie Tarble, MBA

## **POLITIK AK PWOSEDI LEKÒL LA**

### **LÈ FONKSYÒNMAN LEKÒL LA**

Pou ogmante tan aprantisaj la omaksimòm, Circle City Prep genyen yon jou ak yon ane lekòl pwolonje, soti Dawout jiska kòmansman Jen.

- Lendi rive Jedi, jounen an kòmanse a 7:25 am epi li dire jiska 3:30pm (K-4) 4:00 pm (5-6).
- Nan Vandredi, jounen an kòmanse a 7:25 epi li dire jiska 1:00 pm (lekòl konplè).
- Yo pral make an reta pou entelektyèl yo k ap rive nan batiman an aprè 7:45. Yo pa sèvi ti dejne bay entelektyèl yo k ap rive aprè 7:46 am yo.
- Batiman Circle City Prep la pral louvri chak jou a 7:25 am. Pou rezon sekirite, ou pa dwe depoze entelektyèl yo nan okenn lè anvan lè sa a.

### **POLITIK SOU RANVWA**

Pou kapab kreye yon pwosesis ki efikas epi ki san danje, tout gadyen legal/paran yo dwe rete nan machin yo pandan ranvwa a, sof si Entelektyèl la se yon moun k ap mache. Si paran/gadyen legal la genyen rankont ki planifye avèk yon manm pèsònèl, li pa dwe antre nan lekòl la anvan 4:10.

Circle City Prep remèt entelektyèl nou yo sèlman bay adilt ki otorize yo jan sa endike nan yon fòmilè Kontak Dijans entelektyèl la. Si ou ta renmen ajoute yon nouvo moun pase chèche timoun ou an, ou dwe otorize moun sa a alekri avèk yon nòt ki ekri epi ki siyen pa paran/gadyen legal la, oswa nan klasè Devwa timoun ou an oswa pa imèl. Epitou nou mande ID lè yon moun ap pase pran timoun ou an. *Dezole, yo p ap otorize w pou ajoute yon moun nan lis moun ki pou pase pran timoun ou an si ou sèlman rele biwo a nan telefòn.*

Tout chanjman nan woutin regilye yo tankou transpò nan otobis dwe kominike bay Circle City Prep an pasan pa biwo resepsyon an jiska 2 pm oswa yo p ap chanje fason pou pase pran timoun nan.

Fanmi yo P AP anmezi pou pase pran Entelektyèl yo bonè sof si yo kominike sa nan biwo resepsyon an alavans. Pran ak gadyen legal yo ki rive anvan lè ranvwa a dwe tann deyò batiman lekòl la jiskaske yo lage Entelektyèl yo. Si paran oswa gadyen legal yo bezwen pale avèk yon pwofesè oswa fè nenpòt lòt aktivite nan saldeklas la, sa dwe fèt aprè lekòl lage lè pwofesè ak manm pèsònèl yo disponib.

### **POLITIK SOU PASE PRAN ELÈV ANRETA**

**Lendi – Jedi:** Yo prevwa pou pase pran Entelektyèl yo apati 3:40 (K-4) ak 4:10pm (5-6) chak apremidi.

**Vandredi:** Yo prevwa pou pase pran Entelektyèl yo apati 1:10 pm (lekòl konplè).

Yo ka faktire fanmi yo yon frè \$1 pa minit pou chak minit Entelektyèl yo a fè nan lekòl la apati 3:45pm (K-4) ak 4:15 (5-6) Lendi – Jedi epi 1:15 Vandredi. Yo prevwa pou peye tout frè yo san pèdi tan epi yo pral rete sou balans lan jiskaske yo peye. Tanpri sonje ke tout lajan ki soumèt bay lekòl la dwe premyèman sèvi pou tout balans ki pa peye yo anvan yo sèvi pou lòt aktivite ki mande frè yo. Tout entelektyèl ki genyen frè ki pa peye 24 èdtan anvan yon sòti eskolè oswa anvan yon evènman aprè lekòl la p ap anmezi pou asiste oswa pou patisipe.

- Si yo pa pase pran yon entelektyèl jiska 4:40 p.m. (oswa 1:40 p.m. nan Vandredi) aprè yo te fè tantativ pou kontakte paran/gadyen legal la, Circle City Prep genyen dwa pou kontakte Depatman Sèvis Timoun Indiana a (DCS).

### **POLITIK SOU LAGE BONÈ**

Yo p ap otorize paran ak gadyen legal yo pou pase pran elèv yo anvan lè eksepte pou sikonstans ki jistifye konsiderasyon ki planifye alavans. Paran yo dwe bay yon nòt ki siyen nan dosye Devwa entelektyèl yo a PA PITA PASE maten jou depa bonè a. Sepandan, menm nan sikonstans ki jistifye konsiderasyon yo epi akòz kalandriye sou ranvwa nou an, yo p ap otorize ranvwa bonè aprè 3:00pm Lendi-Jedi epi aprè 12:00pm nan Vandredi. Anplis, paran oswa gadyen legal la dwe siyen pou elèv la soti nan Biwo Resepsyon an anvan yo otorize elèv la pou kite espas lekòl la.

Randevou doktè ak dantis yo dwe limite ak lè ki pa genyen lekòl yo pou evite elèv la rate tan nan klas. Pran ak gadyen legal yo dwe enfòme pwofesè saldeklas yo konsènan ranvwa bonè yo nan fòm alekri pandan y ap voye yon nòt nan dosye Devwa Entelektyèl la. Apresa pwofesè yo pral responsab pou fè Entelektyèl la prepare l avèk materyèl yo nan lè ki egzije a pou kapab redwi pètibasyon nan moman klas la. Si ou pa rive soumèt notifikasyon alekri alavans, sa pral lakoz yo pa aktyalize dosye Devwa Entelektyèl yo epi pa prè pou ranvwa bonè a. Sepandan, si yon fanmi pa soumèt notifikasyon alekri epi Entelektyèl la ale san dosye Devwa li a, yo genyen opsyon pou retounen aprè ranvwa a pou resevwa dosye a.

## LAGE BONÈ NAN VANDREDI

- Entelektyèl Circle City Prep yo fini ansèyman an a 1:00 p.m. chak Vandredi pou kapab bay pwofesè yo tan regilye pou rankont ak pou fè devlopman pwofesyonèl.
- *Tanpri sonje ke tout pwofesè ak manm pèsònèl yo patisipe nan Devlopman Pwofesyonèl nan Vandredi aprèmidi. Si yo pa pase pran yon entelektyèl jiska 1:40 p.m., epi li pa enskri nan yon pwogram aprè lekòl, aprè yo te fè tantativ pou kontakte paran/gadyen legal la, Circle City Prep genyen dwa pou kontakte Depatman Sèvis Timoun Indiana a (DCS).*

## POLITIK SOU ARIVE

Yo mande pou tout paran (yo) /gadyen legal (yo) rete nan machin yo a pandan lè yo rive a sof si Entelektyèl la se yon moun k ap mache. Entelektyèl k ap Mache jiska pòt la pètibe modèl sikilasyon an epi sa ka pa an sekirite.

## POLITIK SOU RETA

Circle City Prep valorize ponktyalite. Se yon konpetans esansyèl ki enpòtan ak yon prèv rèspe anvè lòt moun. Menm jan nou prevwa pou manm pèsònèl la kapab alè pou Entelektyèl yo, fanmi yo dwe asire ke elèv yo rive nan lekòl la alè. Sa menm plis enpòtan paske Entelektyèl Circle City Prep yo kòmanse aprantisaj yo apati moman yo antre nan batiman an. Entelektyèl yo resevwa obligasyon matinal epi yo travay touswit aprè ti dejne a. Si yon entelektyèl anreta lekòl, li rate devwa matinal Bright Work la, sa pètibe aprantisaj lòt Entelektyèl yo, epi sa riske fè yo pran reta.

Pòt Circle City Prep yo louvri a 7:25 a.m. Entelektyèl yo dwe rive lekòl la ant 7:25 a.m.-7:45 a.m., ki se moman yo sèvi ti dejne a tou. Elèv ki rive a 7:46 a.m. oswa pita yo konsidere kòm anreta epi yo P AP resevwa ti dejne.

Lè reta a kòmanse a 7:46 a.m. Pou sekirite tout entelektyèl yo, yo mande yon paran oswa yon gadyen legal pou mennen entelektyèl yo nan biwo resepsyon an pou siyen. Entelektyèl ki pa akonpanye pou antre avèk yon gadyen legal pral rete nan biwo resepsyon an jiskaske yon paran oswa yon gadyen legal retounen pou siyen pou li.

Si yon entelektyèl rive aprè 11:30 a.m. san notifikasyon alavans, yo pral konte jou a kòm yon absans. Anplis, si yon entelektyèl rive aprè 10:00 a.m., nou p ap anmezi pou garanti yon repa cho pou jounen sa a

## KONSEKANS RETA YO

**Senk Rete nan yon Mwa:** Si yon entelektyèl rive an reta (li rive aprè 8:01 a.m.) senk fwa nan yon mwa, yo konsidere sa kòm yon gwo pwoblèm. Nan moman sa a, yo pral voye yon notifikasyon pou enkyetid reta a bay fanmi an.

**Uit Rete nan yon Mwa:** Si yon entelektyèl rive an reta uit fwa nan yon mwa, yo konsidere sa kòm yon gwo pwoblèm. Fanmi yo pral genyen obligasyon pou rankontre avèk Direktè Sèvis Elèv ak Sèvis Familyal la pou kreye yon plan pou “Alè”.

**Douz Reta nan yon Mwa:** Si yon entelektyèl rive an reta douz fwa nan yon mwa, yo konsidere sa kòm yon gwo pwoblèm. Nan douzyèm reta a, paran yo dwe rankontre avèk Chèf Lekòl la oswa avèk Direktè Sipò Elèv ak Familyal la pou amelyore plan “Alè” a anvan yo otorize entelektyèl la tout aksè nan aktivite lekòl yo, ki genyen ladan men pa limite ak evènman aprè lekòl yo, fèt chak twa mwa, ak jou teni senp yo.

## POLITIK SOU PREZANS ENTELEKTYÈL LA

Nan Circle City Prep, nou angaje nou pou fè chak minit nan tan aprantisaj la konte. Pou entelektyèl yo kapab aprann ak pou atenn potansyèl akademik yo, yo dwe rete nan lekòl la chak minit chak jou. Akoz rit rapid ak rigè

elvé nou, lè yo rate menm inèdtan nan ansèyman an sa ka fè entelektyèl yo pran reta. Fanmi yo dwe pwofite de lè lage 1:00 p.m. lan nan Vandredi a, kòm jou vakans, pou pwogram randevou ak vwayaj.

Akoz tout tan aprantisaj yo se tan ki enpòtan anpil, Circle City Prep pa fè diferans ant absans avèk motif ak absans san motif; tout absans entelektyèl yo, ki genyen ladan maladi, sispansyon, randevou, vakans, jou ki pa konplè, elatriye, konte kòm absans. Entelektyèl ki malad avèk yon lafyèw oswa avèk yon gwo maladi dwe rete lakay yo, men nen k ap koule pa ka ralanti nou, oswa entelektyèl nou yo! Si yon entelektyèl genyen yon lafyèw oswa l ap vomi, li dwe san lafyèw epi/oswa li pa dwe te vomi pandan 24 èdtan anvan li retounen nan lekòl la.

### **Nou kapab retni yon entelektyèl ki depase 15 absans pandan tout ane a.**

Circle City Prep genyen dwa pou fè eksepsyon nan politik sa a nan ka yon absans pwolonje akoz gwo kondisyon medikal.

Nou pral swiv politik sipò sa a pou ede asire ke entelektyèl yo pa depase 15 absans:

- Nan 3 absans, yon manm nan biwo resepsyon an pral kontakte paran/gadyen legal la.
- Nan 5 absans nan premye semès la oswa yon total 10 absans, nou pral egzije paran/gadyen legal la pou rankontre avèk Direktè Sipò Elèv ak Sipò Familyal la kote yo pral etabli yon Plan Prezans ki vize pou amelyore modèl prezans yo.
- Nan 15 absans, nou pral òganize yon dezyèm rankont avèk Chèf Lekòl la pou diskite sou vyolasyon Plan Prezans lan.
- Twòp absans oswa absanteyis eskolè kapab lakoz yo deklare yon fanmi bay otorite ki apwopriye yo.

### **NOTIFIKASYON LEKÒL LA**

Nan ka yon absans, nou mande pou paran/gadyen legal yo enfòm City Prep oplita 8:00 a.m. pandan y ap voye yon imèl bay Circle City Prep nan [absent@circlecityprep.org](mailto:absent@circlecityprep.org) oswa rele 317-643-4209 ext. 1. Circle City Prep pral rele paran/gadyen legal la avan midi si pa genyen okenn kontak.

### **FÈMTI AKOZ MOVE TAN**

Nan ka move kondisyon tan tankou gwo lajèn oswa glas, tanpri verifye estasyon televizyon lokal ou an, estasyon radyo, kontakte lekòl la nan 317-643-4209 oswa vizite sit entènèt nou an nan [www.circlecityprep.org](http://www.circlecityprep.org) oswa sou paj Facebook nou an.

Circle City Prep swiv menm politik sou reta ak anilasyon yo ak Lekòl Piblik Indianapolis yo (Indianapolis Public Schools, IPS). Si Lekòl Piblik Indianapolis yo fèmen akoz move tan, nan ka sa Circle City Prep fèmen tou. Si Lekòl Piblik Indianapolis yo pran dezèdtan reta, nan ka sa Circle City Prep pran reta tou. Si genyen yon 2 èdtan reta, Circle City Prep pral louvri pòt nou yo a 9:25 am epi yo pral konsidere elèv yo anreta nan lè 9:45 am oswa aprè sa.

### **Jou Ratrapaj Akoz Lanèj**

Si Circle City Prep bezwen jou pedagojik pou ratrapaj akoz fèmti lekòl yo akoz lanèj, yo pral enfòm fanmi yo nan yon fason ki apwopriye san pèdi tan pa mwayen yon nòt alekri yo voye lakay yo, pa mwayen bilten enfòmasyon, anons rezo sosyal ak yon apèl. Jou ratrapaj yo kapab 17 Fevriye oswa ajoute nan fen ane kalandriye a.

### **DEVWA (DEVWA LAKAY) - Klas 3yèm ane - 6yèm ane Sèlman**

Devwa se yon konpozan esansyèl nan reysisit akademik timoun ou an. Pwofesè nou yo byen kreye Lifework pou sware ki bay entelektyèl yo okazyon pou pratike ak pou metrize konpetans akademik yo. Entelektyèl yo resevwa Lifework pou sware apati klas 3yèm ane, kantite a ap ogmante pandan entelektyèl yo ap pase klas. Opòtinite pou pratike konpetans yo te aprann pandan tout jounen an enpòtan anpil pou reysisit akademik entelektyèl yo.

Konsa, yo p ap padone entelektyèl yo paske yo pa te fè Devwa yo pou okenn rezon. Si timoun ou an absan, Devwa a dwe fèt epi ajou lè li retounen.



Yo prevwa pou elèv yo fè tout travay Devwa yo chak jou, ki genyen ladan 20 minit lekti epi fè yon jounal lekti. Si Devwa a manke, li pa konplè, oswa li pa bon ditou, yo pral enfòmè paran an oswa gadyen legal la; Yo kapab rete deyò pandan yon matyè ki pa esansyèl epi fè Devwa yo a avèk asistans yon manm pèsònèl la. Anplis, si yo pa rive fè Devwa a sa kapab fè yo pèdi privilèj oswa patisipasyon nan aktivite paraskolè yo. Yo pral deklare pousantaj Devwa ki fini yo avèk yon nòt epi pral refilete sou rapò pwogrè yo ak sou kanè yo. Yo ankouraje aktivite paraskolè yo avèk reyalizasyon Devwa kòm yon pati nan kritè yo. Devwa ki pa fini yon fason eksèsif oswa kontini pral fè yo fè swivi avèk Dwayen Kilti a.

Nou ankouraje fanmi yo pou dezinye yon lè ak yon lye pou entelektyèl yo fè Devwa yo. Nou pa konsidere sipò paran kòm triche nan Devwa—sipò paran se yon konpozan esansyèl pou reyisit entelektyèl yo. Entelektyèl yo dwe anmezi pou fè Devwa yo poukont yo, men nou ankouraje paran yo pou verifye travay yo, epi reponn nenpòt kesyon. Anplis, nou kapab bay Devwa ki dwe fèt yon fason kolektif - pa egzanp, kat pou memwa pou aprann mo jeneral yo, oswa fè entelektyèl yo li yon liv awotvwa pou yon paran/gadyen legal.

### **TRAVAY RATRAPAJ**

Entelektyèl yo responsab pou tout travay ki rate pandan yo absan. Yo mete Devwa nan Dosye Devwa yo chak jou. Entelektyèl ki absan yo kapab avanse nan dosye Devwa yo a nan sware lè yo malad. Si yo absan nan yon Lendi, entelektyèl yo dwe pase pran dosye Devwa yo a lè yo retounen nan lekòl la, epi fè nenpòt devwa yo rate.

## POLITIK SOU INIFÒM ENTELEKTYÈL LA

Politik sou inifòm nou an fèt pou redwi distraksyon ak pou rete koyeran. Vyolasyon yo pa sèlman genyen enpak sou timoun ou an men sou lòt timoun yo tou. Si ou genyen nenpòt enkyetid, nou pral fè tout sa nou kapab pou travay avèk ou.

Yo prevwa pou entelektyèl yo mete tout inifòm lekòl yo a nan lekòl la chak jou, sa ki genyen ladan nan sòti edikatif yo (moun rele tou Ekskizyon) ak jounen sou Tèren yo. Yo prevwa pou entelektyèl yo mete sa ki swiv la:

POLITIK SOU INIFÒM	
<b>Chemiz</b>	Gri (Jadendanfan – 2 <sup>yèm</sup> ane), wouj (3 <sup>yèm</sup> – 4 <sup>yèm</sup> ane), nwa (5 <sup>yèm</sup> - 6 <sup>yèm</sup> ane) chemiz polo <u>ki gen logo lekòl la</u> avèk manch kout oswa manch long.  Yo dwe mete Mayo Circle City Prep oswa mayo Inivèsite yo nan Vandredi oswa yon lòt fason ke manm pèsònèl la detèmine.
<b>Chanday oswa Sweatshirts</b>	Chanday nwa ak logo lekòl la ak polè ak sweatshirts avèk logo lekòl la otorize. Chemiz polo Circle City Prep la dwe vizib lè yo mete yon chanday oswa yon sweatshirt. <i>Chanday ak polè ki pa gen logo yo pa otorize.</i> <i>Si Entelektyèl la mete yon rad ki genyen yon kapichon, kapichon an dwe rete desann pandan li nan batiman an.</i>
<b>Pantalon</b>	Pantalon kaki Bout pantalon kaki, <b>pa mete pantalon Cargo</b> Jij kaki, skort oswa pull <u>anba jenou.</u> <i>*Tout pantalon yo dwe boutonnen oswa fèmèn. Nou pa otorize pantalon ki pa genyen fèmti ki apwopriye yo.</i>
<b>Soulye</b>	Soulye ki fèmèn, pla, oswa soulye ki genyen semèl an kawotchou. Soulye yo dwe tache tout tan. Si Entelektyèl ou an pa anmezi pou tache soulye li a, li dwe mete soulye a Velcro. Sandal, talon, bòt PA fè pati inifòm CCP a. Yo ka mete bòt pou Lanèj oswa bòt pou Lapli pou ale ak pou soti lekòl la, avèk yon soulye chanjman ke yo pote nan yon sakado. Nou pa otorize soulye ki klere, soulye ki gen talon, nenpòt tip bòt oswa ki distrè moun yon lòt fason.
<b>Sentiwon</b>	Yo <b>pa</b> ankouraje yon entelektyèl mete sentiwon sof si li ka detache ak retache l poukont li.
<b>Bijou</b>	Yo pa otorize entelektyèl yo mete bijou ki pètibe moun (sètadi bijou ki distrè moun pandan aprantisaj la) Mont ki pale oswa mont ki fè bip yo se bagay ki pètibe epi yo pa otorize yo.
<b>Chapo</b>	Yo pa otorize entelektyèl yo mete chapo sof pou rezon relijyon oswa avèk apwobasyon yon administratè.

### Vyolasyon Inifòm nan

- Entelektyèl ki pa an inifòm yo pral resevwa yon nòt lakay yo nan dosye Devwa yo a epi/oswa yon apèl nan telefòn lakay yo.
- Aprè dis vyolasyon inifòm nan, nou kapab mande yon konferans ant paran/gadyen legal.
- Nenpòt lè sa posib, Entelektyèl yo pral resevwa rad ke yo prete yo lè yo pa an inifòm.

## Vyolasyon Inifòm ke Manm Pèsonèl CCP a Pral Abòde Dirèkteman

Vyolasyon inifòm nan	Repons
Entelektyèl la mete chemizèt ki genyen koulè ki pa apwopriye (pa blan, pa gri, pa nwa)	Yo mande pou entelektyèl yo chanje l nan saldeben an. Chemiz ki plase nan sakado.
Entelektyèl la mete gran zanno, tout bijou pèse nan vizaj, twòp bijou oswa bijou ki pètibe	Entelektyèl yo mete atik yo nan sakado.
Entelektyèl yo mete chapo nan batiman an *(Yo toujou otorize chapo relijye yo)	Nou mande entelektyèl la pou retire chapo a epi mete l nan sakado
Entelektyèl la mete chanday oswa sweatshirt ki genyen kapichon san yon logo.	Nou mande entelektyèl la pou retire l epi mete l nan sakado.

### Materyèl Lekòl

Fason ki plis fasil pou jere materyèl yo nan saldeklas primè yo san pètibe moman saldeklas la oswa genyen Entelektyèl ki pa prepare se pataje materyèl nan saldeklas yo. Byenke Circle City Prep ap toujou bay Entelektyèl yo materyèl ki nesèsè pou fè travay yo, yo prevwa pou fanmi yo achte materyèl eskolè ke lekòl la egzije yo. Circle City Prep pral founi yon lis materyèl eskolè bay tout fanmi yo nan kòmansman ane a epi yo pral genyen yo disponib sou demann nan biwo resepsyon an.

AKoz itilizasyon ke kominote a fè de materyèl yo, tanpri sonje ke yo pa ka retounen tout materyèl nou resevwa yo nan okenn sikonstans, sa vle di tanpri evite ekri non entelektyèl yo sou materyèl yo sof si yo presize sa anba a.

#### Materyèl Eskolè pou Klas K-2

- Kask ekoutè ki gen non Entelektyèl la (si li gate pandan ane a, fanmi an dwe ranplase l)
- 48 kreyon jòn #2
- 3 bwat kreyon
- 1 bwat makè ki ka lave
- 1 bwat makè nwa ki ka efase a sèk
- 1 Kaye Espiral pou Yon Matyè
- 1 Kaye Konpozisyon
- 3 bwat Kleenex
- 3 vesò lenjèt Dezenfektan Klowòks
- 2 boutèy dezenfektan pou men, omwen 12 Oz
- 1 pè souvètman anplis, pantalon ak chosèt nan yon sak Ziploc (K-sèlman, ki genyen idantifikasyon non entelektyèl la)
- 1 pochèt kreyon an twal ki gen zip
- Boutèy dlo TRANSPARAN

#### Materyèl Eskolè pou Klas 3-4

- Kask ekoutè ki gen non Entelektyèl la (si li gate pandan ane a, fanmi an dwe ranplase l)
- 48 kreyon jòn #2
- 1 bwat makè
- 4 kaye espiral (vè, jòn, wouj, ble, jòn abriko)
- 1 bwat makè nwa ki ka efase a sèk
- 3 bwat Kleenex
- 3 vesò lenjèt Dezenfektan Klowòks
- 2 boutèy dezenfektan pou men, omwen 12 Oz
- Pòchèt kreyon avèk zip epi ki gen non Entelektyèl la
- Boutèy dlo TRANSPARAN

#### Materyèl Eskolè pou Klas 5-6

- Kask ekoutè ki gen non Entelektyèl la (si li gate pandan ane a, fanmi an dwe ranplase l)
- 48 kreyon jòn #2
- 1 pakè makè soulinyè
- 1 bwat makè nwa ki ka efase a sèk
- 3 bwat Kleenex
- 3 vesò lenjèt Dezenfektan Klowòks
- 2 boutèy dezenfektan pou men, omwen 12 Oz
- Pòchèt kreyon avèk zip epi ki gen non Entelektyèl la
- 3 Kaye Espiral pou Yon Matyè
- 4 kaye espiral (vè, jòn, wouj, ble, jòn abriko)
- Boutèy dlo TRANSPARAN

### JWÈT, TELEFÒN PÒTAB, LAJAN AK APARÈY ELEKTWONIK

Pou limite distraksyon, nou mande pou entelektyèl yo kite tout jwèt, telefòn pòtab, lajan ak aparèy elektwonik yo lakay. Si yo pote jwèt yo, telefòn pòtab, lajan oswa lòt aparèy elektwonik yo nan lekòl la, yo dwe rete nan sakado

entelekyèl yo epi yo dwe etenn. Akoz Circle City Prep pa genyen kazye, zafè pèsònèl entelekyèl yo p ap vewouye. **Circle City Prep pa responsab pou byen pèsònèl ki pèdi, yo vole, oswa ki andomaje. Nou pral konfiske atik sa a si entelekyèl la vyole politik sa a. 1<sup>er</sup> fwa a se pral yon avètisman ak yon apèl telefonik bay paran an, 2<sup>èm</sup> fwa a paran an pral pase pran atik la epi 3<sup>èm</sup> fwa a nou pral elimine atik la.**

## KALANDRIYE ANYÈL 2022-2023

Kalandriye Akademik Circle City Preparatory School pou 2022-2023						
<b>Jiyè 2022</b>						
Di	Le	Ma	Mè	Je	Va	Sa
					1	2
3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23
24	25	26	27	28	29	30
31						
Jou Ansyèman 23						
<b>Dawout 2022</b>						
Di	Le	Ma	Mè	Je	Va	Sa
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30	31			
Jou Ansyèman 23						
<b>Septanm 2022</b>						
Di	Le	Ma	Mè	Je	Va	Sa
4	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15	16	17
18	19	20	21	22	23	24
25	26	27	28	29	30	
Jou Ansyèman 20						
<b>Novanm 2022</b>						
Di	Le	Ma	Mè	Je	Va	Sa
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30			
Jou Ansyèman 19						
<b>Desanm 2022</b>						
Di	Le	Ma	Mè	Je	Va	Sa
4	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15	16	17
18	19	20	21	22	23	24
25	26	27	28	29	30	31
Jou Ansyèman 14						
<b>Janvye 2023</b>						
Di	Le	Ma	Mè	Je	Va	Sa
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30	31				
Jou Ansyèman 16						
<b>Fevriye 2023</b>						
Di	Le	Ma	Mè	Je	Va	Sa
5	6	7	8	9	10	11
12	13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24	25
26	27	28				
Jou Ansyèman 18						
<b>Mars 2023</b>						
Di	Le	Ma	Mè	Je	Va	Sa
5	6	7	8	9	10	11
12	13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24	25
26	27	28	29	30	31	
Jou Ansyèman 18						
<b>Avril 2023</b>						
Di	Le	Ma	Mè	Je	Va	Sa
2	3	4	5	6	7	8
9	10	11	12	13	14	15
16	17	18	19	20	21	22
23	24	25	26	27	28	29
30						
Jou Ansyèman 18						
<b>Mè 2023</b>						
Di	Le	Ma	Mè	Je	Va	Sa
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30	31			
Jou Ansyèman 19						
<b>Jen 2023</b>						
Di	Le	Ma	Mè	Je	Va	Sa
4	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15	16	17
18	19	20	21	22	23	24
25	26	27	28	29	30	
Jou Ansyèman 18						
<b>Jou Konje ki Obsève</b>						
4 Jiyè: Jou Endependans						
5 Sept.: Fèt Travay						
10-17 Okt: Poz Otòn						
2 Novanm: Jou Seksyon						
23-25 Nov: Poz Thanksgiving						
22 Desanm-6 Janvye: Poz Ivè						
16 Jan: Martin Luther King Jr. Jou						
17 Fev: Fèt Prezidan						
27 Mas-3 Avril: Poz Prentan						
29 Me: Jou Souvni (Memorial Day)						
19 Jen: Juneteenth						
<b>Kle Kalandriye</b>						
= Pa Gen Lekòl						
= Konferans/Oryantasyon Paran						
= Klas						
= Evalyasyon						
= Jounen Aprantisaj Elektwonik						
= Edikasyon Espesyal						
= Jou PD						
<b>Jou pou Ansyèman: 181 Jou Devlopman Pwofesyonèl: 17</b>						
Trimès I = 48						
Trimès II = 43						
Trimès III = 52						
Trimès IV = 38						
Lage Vandredi a 1pm						

Dat Enpòtan yo
<b>Jiyè</b>
4-8 Jiyè: Batiman an Fèmen
14-29 Jiyè: Devlopman Pwofesyonèl (Pa Gen Lekòl)
27-29 Jiyè: Prep Academy (Lekòl Mwayen Sèlman)
<b>Dawout</b>
1-2 Dawout: Premye Jou Lekòl/Oryantasyon ELEV (Lage a 1pm)
19 Dawout: Devlopman Pwofesyonèl Manm Pèsònèl / Jounen Aprantisaj Vityèl
<b>Septanm</b>
Septanm a 1: Sware Rankont avèk Pwofesè (5 - 7pm)
2 Septanm: Jounen Sante Mantal pou Manm Pèsònèl (Pa Gen Lekòl)
5 Septanm: Fèt Travay
9 Septanm: Rapò sou Pwogrè Q1 Piblye
<b>Oktòb</b>
10-17 Oktòb: Poz Otòn
17 Oktòb: Devlopman Pwofesyonèl / Pa Gen Lekòl
18 Oktòb: Trimès 2 Kòmanse
21 Oktòb: Piblikasyon Kanè Trimès 1
<b>Novanm</b>
18 Novanm: Rapò sou Pwogrè Q2 Piblye
23-25 Novanm: Poz Thanksgiving
<b>Desanm</b>
21 Desanm: Devlopman Pwofesyonèl (Pa Gen Lekòl)
22 Desanm-4 Janvye: Poz Ivè
<b>Janvye</b>
22 Desanm-4 Janvye: Poz Ivè
5 Janvye: Devlopman Pwofesyonèl (Pa Gen Lekòl)
6 Janvye: Konferans Paran Pwofesè/Kanè Q2 (Pa Gen Lekòl)
9 Janvye: Trimès 3 Kòmanse
16 Janvye: Martin Luther King Jr. Jou Ki Pa Gen Lekòl
<b>Fevriye</b>
10 Fevriye: 03 Piblikasyon Rapò sou Pwogrè
17 Fevriye: Devlopman Pwofesyonèl Manm Pèsònèl / Jounen Aprantisaj Vityèl
20 Fevriye: Fèt Prezidan (Pa Gen Lekòl)
<b>Mars</b>
27-31 Mas: Poz Prentan
<b>Avril</b>
3 Avril: Devlopman Pwofesyonèl (Pa Gen Lekòl)
4 Avril: Q4 Kòmanse
7 Avril: Piblikasyon Kanè 03
28 Avril: Jounen Sante Mantal pou Manm Pèsònèl
<b>Me</b>
25 Me: Dènye Jou Lekòl pou Entelekyèl yo
26 Me: Devlopman Pwofesyonèl (Manm Pèsònèl)

## AKADEMIK

### EVALYASYON

Anplis de mezi evalyasyon tradisyonèl nan saldeklas yo, nou itilize yon sistèm evalyasyon estandadize pou detèmine nivo lektyèl yo.

- Yo pral administre Evalyasyon STEP kat jiska senk fwa pa ane nan klas K-3 (ak tout entelektyèl yo klas 4<sup>yèm</sup> ane oswa pi wo ki te pase STEP 12 la). Evalyasyon lektyèl endividyèl sa a bay pwofesè ak paran yo enfòmasyon ki enpòtan sou metriz nan lekri, devlopman fonetik, ak konpreyansyon. Rezilta sa yo pral detèmine nivo klas lektyèl a ki pral anrejistre sou kanè yo.
- Evalyasyon Pwovizwa nan Matematik ak ELA yo se lekòl konplè. Evalyasyon Pwovizwa nan Syans ak Etid Sosyal yo administre nan klas 5<sup>yèm</sup> ak 6<sup>yèm</sup> ane.
- Tout Entelektyèl yo fè IReady twa fwa chak ane.
- Entelektyèl ki nan Klas 3<sup>yèm</sup> – 6<sup>yèm</sup> Ane yo fè Evalyasyon Eta IRead (3<sup>yèm</sup> sèlman) ak ILearn yo.

### PERYÒD NOTASYON AK RAPÒ PWOGRE KANÈ YO, KANÈ, AK RANKONT ANT LEKÒL AK PARAN YO

Genyen de semès nan chak ane lekòl. Chak semès pral divize an de trimès avèk kanè ofisyèl ke yo voye lakay yo nan fen an. Nòt chak semèn yo pral aksesib pou entelektyèl ak fanmi yo atravè sistèm enfòmasyon sou entènèt nou yo (SIS). Yo pral distribye kanè yo kat fwa pandan ane lekòl la pandan dat sa yo:

- 18 Oktòb
- 9 Janvyè
- 4 Avril
- 25 Me

Nou dwe pase chèche Kanè pou Semès 1 an (6 Janvyè) an pèsòn nan Circle City Prep pandan yon konferans Paran-Pwofesè nan fen chak semès (chak trimès pou Entelektyèl k ap travay pi ba nivo klas la). **Nou egzije yon konferans 15 minit chak semès ant gadyen legal yo ak pwofesè timoun yo a pou diskite sou kanè yo. Nou pa pral voye kanè yo lakay yo san yon konferans.**

### POLITIK SOU PWOMOSYON

Politik sou Pwomosyon Circle City Prep la soti nan yon ekilib ant konpreyansyon ke byenke entelektyèl yo aprann nan yon rit ki diferan, epi kapab konnen plato yo nan diferan moman ofiramezi pandan y ap devlope, metriz nòm akademik nan nivo eskolè yo se pi bon mezi pou pwomosyon nan pwochen nivo klas la. Sa asire ke yon entelektyèl ka reyisi nan defi akademik yo nan pwochen nivo klas la.

Anba a w ap jwenn yon tablo pou pwomosyon klas nan Circle City Prep. Anplis, nou konsidere timoun nan yon fason konplè epi nou kapab kenbe entelektyèl ki demontre devlopman sosyal nan nivo ki pi ba nivo klas la:

Nivo Klas	Egzijans sou Prezans	Konpozan Nòt Yo	Egzijans nivo STEP la / Tès Eta a
K <sup>1</sup>	Absan <15 jou	Mwayèn tès pwovizwa nan Matematik $\geq 70\%$	STEP 2 oswa plis elve
1 <sup>ye</sup>	Absan <15 jou	Mwayèn tès pwovizwa nan Matematik $\geq 70\%$	STEP 4 oswa plis elve
2 <sup>yèm</sup>	Absan <15 jou	Mwayèn tès pwovizwa nan Matematik $\geq 70\%$	STEP 7 oswa plis elve
3 <sup>yèm</sup>	Absan <15 jou	Mwayèn tès pwovizwa nan Matematik $\geq 70\%$ Mwayèn tès pwovizwa nan Lektyèl $\geq 70\%$	STEP 10 oswa plis elve Pase IREAD

<sup>1</sup> Demonstrasyon matirite ki apwopriye ak laj ak kapasite pou swiv senp direktiv.

4 <sup>yèm</sup> – 6 <sup>yèm</sup>	Absan <15 jou	Mwayèn tè s pwovizwa nan Matematik $\geq 70\%$ Mwayèn tè s pwovizwa nan Lekti $\geq 70\%$	
--	---------------	--	--

Nou bay entelektyèl yo plizyè nivo sipò pandan lajounen pwolonje nou an, ki genyen ladan leson patikilye chak jou, pou asire ke entelektyèl yo genyen sipò yo bezwen pou metrize konpetans ki nesèsè pou pwomosyon.

Prezans chak jou yo enpòtan pou reysit entelektyèl la, sa ki pèmèt Circle City Prep sipòte entelektyèl yo oframezi y ap pouswiv reysit akademik yo epi anseye entelektyèl yo yon an menm tan pou pran responsablite pou lavni edikatif yo. Konsa, yo kapab double entelektyèl ki rate plis pase 15 jou lekòl yo. Nou respekte tout règleman konsènan maladi pwolonje ki pa fè enpak sou mwayèn prezans yo.

Nou kominike yon fason regilye avèk fanmi yo pou asire ke chak entelektyèl anmezi pou atenn egzijans sou prezans nou an, ki genyen ladan atravè itilizasyon rapò sou pwogrè chak semèn, kat kanè ofisyèl yo, kominikasyon dirèk bay pwofesè saldeklas yo ak egzijans ke pwofesè saldeklas yo pou pale avèk tout fanmi yo genyen yon minimòm de fwa pa mwa. Biwo resepsyon Circle City Prep la kontwole prezans, epi tout mwayèn prezans chak jou yo fè pati Tablodò sou Responsablite Akademik nou an chak mwa bay Komisyon an.

Selon *Lwa sou Amelyorasyon Edikasyon Moun ki Gen Andikap yo* (“IDEA”), tout entelektyèl ki nan Pwogram Edikasyon Pèsonalize (“IEPs”) oswa Plan Seksyon 504 la pral bezwen reponn ak tout kritè sou pwomosyon Circle City Prep sof si IEP yo a endike objektif separe nan domèn kontni patikilye yo. Si se konsa, lefètke yo atenn objektif sa yo yon fason ki satisfèzan, sa pral reponn ak konpozan kritè sou pwomosyon nan Circle City Prep.

***Rekòmandasyon pou pwomosyon yo fèt pa pwofesè saldeklas yo, epi desizyon sou pwomosyon final la pral fèt pa Chèf Lekòl la nan konsiltasyon avèk Fòmètè Pedagojik nivo klas la.*** Circle City Prep genyen dwa pou fè eksepsyon nan politik sa a akòz sikonstans espesyal yo.

## RETANSYON

Yo kominike posiblite double a pandan tout ane a aprè STEP ak enterim yo. Yo pral enfòmè paran yo sou yon desizyon pou final Chèf Lekòl la pou double nan yon rankont an pèsòn epi pral bay dokiman alekri sou retansyon an. Si yo pa kapab planifye yon rankont an pèsòn, fanmi yo pral resevwa kominikasyon alekri pa lapòs.

## POLITIK SOU GRADYASYON

Pou gradyasyon nan lekòl mwayen, entelektyèl yo dwe fè nòt pasaj yo nan tout kou yo.

## EDIKASYON ESPESYAL

Circle City Prep kwè nan bay yon edikasyon piblik ki gratis epi ki apwopriye (FAPE) pou tout entelektyèl yo. FAPE oblije pou lekòl la bay aksè nan edikasyon jeneral ak sèvis edikatif espesyalize yo. Epitou sa egzije pou entelektyèl ki genyen andikap yo resevwa sipò gratis jan yo bay entelektyèl ki pa genyen andikap yo. Epitou sa bay aksè nan sèvis edikasyon jeneral pou timoun ki genyen andikap yo pandan l ap ankouraje pou founisè sipò ak sèvis ki lye yo bay timoun yo nan anviwònman edikatif jeneral yo a otan posib. Circle City Prep bay divès pwogram edikatif espesyal pou entelektyèl yo idantifye ki genyen yon andikap jan sa defini pa Lwa sou Amelyorasyon Edikasyon pou Moun ki Genyen Andikap yo (IDEA). Yon entelektyèl kapab resevwa sèvis edikasyon espesyal sèlman atravè evalyasyon ki apwopriye ak pwosedi plasman an. Enplikasyon paran/Gadyen Legal nan pwosedi sa a obligatwa. Sa ki plis enpòtan an, Circle City Prep ankouraje paran an pou kapab yon patisipan aktif. Yon paran oswa yon gadyen legal ki kwè ke entelektyèl li a kapab genyen yon andikap ki entèfere anpil avèk kapasite entelektyèl la pou fonksyone kòrèkteman nan lekòl la dwe kontakte Chèf Lekòl la.

- **Repons pou Entèkansyon / Sistèm Sipò Ki Gen Plizyè Nivo**
  - Si yo fè yon detèminasyon ke yon entelektyèl bezwen lòt sipò anplis, Circle City Prep pral itilize Repons pou Pwosesis Entèkansyon li a (RTI)/ Sistèm Sipò ki Gen Plizyè Nivo (MTSS) pou detèmine entèkansyon espesifik yo ke entelektyèl la bezwen. Nan pwosesis RTI a, yon entelektyèl ki genyen difikilte resevwa ansèyman entansif nan domèn feblès akademik li a. Yo kontwole pwogrè entelektyèl la, epi si pa genyen okenn repons ki pozitif oswa amelyorasyon, yo pral refere entelektyèl la nan tè s pou detèmine elijiblite pou sèvis edikasyon espesyal ak ki sèvis entelektyèl la bezwen pou reysi.

- **Evalyasyon Edikatif**

- Manm pèsonèl Circle City Prep yo resevwa obligasyon pou kontwole rezilta entelektyèl yo ak konpòtman pou idantifye entelektyèl ki kapab bezwen lòt sipò anplis oswa entèvansyon pou reyisit akademik yo. Si yon manm pèsonèl remake yon mank amelyorasyon, manm pèsonèl la kapab mande yon evalyasyon edikatif avèk yon sikològ eskolè avèk konsantman yon paran/yon gadyen legal. Nan ka sa a, yo fòme yon Komite Konferans Ka epi li genyen ladan Chèf Lekòl la, pwofesè a, Kowòdonatè Sipò Elèv la ak/oswa pwofesè edikasyon espesyal la, paran/gadyen legal, ak lòt pwofesyonèl ki enplike yo. Komite konferans ka a pral fè rekòmandasyon ki apwopriye ak bezwen entelektyèl la.

- **Sèvis yo Bay**

- Entelektyèl ke yon sikològ eskolè detèmine ki elijib pou sèvis yo pral resevwa sèvis yo jije ki apwopriye jan sa detèmine epi rekòmande pa Komite Konferans Ka entelektyèl la. Rekòmandasyon yo kapab genyen ladan yon plan entèvansyon jeneral, yon depistaj, oswa yon evalyasyon edikatif ki pral fèt selon règlèman IDEA/Atik 7 la. Entelektyèl ki pa kalifye pou sèvis selon IDEA/Atik 7 la kapab konsidere pou sèvis Seksyon 504 yo selon Lwa sou Reyadaptasyon an.

## **ELÈV MILTILENG (ELÈV K AP APRANN LANG ANGLÈ YO)**

Nan Circle City Prep, yo pral idantifye Elèv k ap aprann Lang Anglè yo atravè yon Sondaj Lang Adomisil ki reyalize pandan enskripsyon an. Evalyasyon WIDA pou ane presedan an pral itilize pou idantifye yon nivo Konpetans Lang Anglè pou entelektyèl la. Entelektyèl ki fèk rive nan Indiana pral pase tès pou detèmine nivo Konpetans Lang Anglè yo a. Yon dwa yo detèmine l, pwofesè MLL nou yo pral devlope epi egzekite Plan Aprantisaj Pèsonalize ki apwopriye avèk asistans paran/gadyen legal yo pou reponn ak bezwen entelektyèl la. Circle City Prep pral genyen yon entèprèt sou plas oswa yon entèprèt vityèl ki ede nan komunikasyon alafwa vèbal epi alekri avèk fanmi MLL yo. Plan sa yo site estrateji, atant ki apwopriye, ak aranjman pou tès yo. Pwofesè MLL yo pral detèmine sipò ke yo ka bay yon fason enklizif nan saldeklas jeneral la ak sila yo ki vrèman bezwen sipò yo mande yon anviwònman ki apa.

## **ABANDON NAN LEKÒL**

Si, pou nenpòt rezon, yon entelektyèl dwe abandone lekòl, fanmi entelektyèl la dwe enfòm biwo resepsyon an omwen de jou anvan dènye jou prezans lan. Fanmi yo pral genyen obligasyon pou ranpli yon fòmilè abandon ki endike rezon ki fè y ap kite lekòl la ak non nouvo lekòl la. Si y ap demenaje deyò eta a, fanmi yo pral genyen yon semèn pou bay non nouvo lekòl la anvan Circle City Prep dezenskri entelektyèl la. Yo pral transfere dosye lekòl yo lè nouvo lekòl la mande yo.

## **SITE AK SEKIRITE BATIMAN**

Genyen yon kantite pwosedi debaz ke Circle City Prep genyen pou kapab asire site ak sekirite entelektyèl ak manm pèsonèl li yo. Kowoperasyon chak moun pral kontribye anpil nan garanti ke aktivite Circle City Prep - ansèyman ak aprantisaj - kapab dewoule. Circle City Prep kapab pran mezi resonab kont yon entelektyèl epi/oswa kont yon paran/gadyen legal paske yo pa rive swiv politik ak pwosedi ki kapab mete arisk site ak sekirite entelektyèl yo, manm pèsonèl la ak kominote lekòl la, ki genyen ladan ranvwa de Circle City Prep.

## **KANPIS KI FÈMEN**

Entelektyèl yo pa dwe kite batiman Circle City Prep la san pèmision. Yon entelektyèl ki pa genyen pèmision pou kite batiman an kapab sèlman kite l avèk akonpayman ak sipèvizyon yon adilt ki otorize. Fanmi yo dwe okouran ke Circle City Prep genyen plizyè vwazen epi yo dwe ajè ak respè ak koutwazi konsènan bezwen yo.

## **POLITIK SOU VIZITÈ**

Tout vizitè yo genyen obligasyon pou ale nan Biwo Resepsyon an lè y ap antre nan batiman an epi enskri avèk yon kat idantifikasyon ofisyèl (tankou, lisans chofè, elatriye). Vizite yo dwe mete yon badj vizitè. Tout vizitè, ki genyen ladan yon paran/gadyen legal, ki pa ale nan biwo oswa ke yo detèmine ki nan batiman an san otorizasyon, yo pral mande yo pou anrejistre nan biwo enskripsyon an. Yo ankouraje paran yo pou vizite Circle City Prep; yo

diskite sou enplikasyon paran an ak plis detay nan manyèl sa a. Nou mande pou paran yo bay Circle City Prep yon avi 24 èdtan alavans pou yon vizit pou nou kapab anmezi pou fè aranjman pou yo, ak pou genyen yon lis ki presi sou tout vizitè ki nan Circle City Prep.

Tanpri sonje, nou pa otorize vizit paran yo pandan premye mwa lekòl la, paske entelektyèl yo ap abitye avèk Circle City Prep.

### **PWOSEDI SOU SEKIRITE ENSANDI**

Nan ka yon ijans – si yon manm pèsònèl wè dife oswa santi lafimen – li pral fèmen pòt la epi rale alam ensandi a. Lè yo tande alam nan, manm pèsònèl la pral rasanble entelektyèl yo nan sal yo epi pral soti nan batiman an selon plan evakyasyon kont ensandi nan chak sal. Entelektyèl yo dwe swiv enstriksyon manm pèsònèl la, ki pral dirije entelektyèl yo deyò batiman an nan lye ki dezinye yo, kote manm pèsònèl la pral aliyen entelektyèl yo pa klas epi pran prezans lan.

Pandan premye mwa lekòl la epi souvan pandan tout ane a nan Circle City Prep, entelektyèl ak manm pèsònèl la pral patisipe nan antrènman kont ensandi pou asire ke tout kominote lekòl la familye avèk entèvensyon ki apwopriye nan ka yon ijans.

### **ENFÒMASYON JENERAL SOU LEKÒL LA**

Circle City Prep sitiye nan 4002 N. Franklin Road, Indianapolis, IN 46226.

Sit entènèt nou an se [www.circlecityprep.org](http://www.circlecityprep.org).

Nimewo telefòn nou an se 317-643-4209

### **KOMINIKASYON FAMILYAL**

Li esansyèlman enpòtan pou Circle City Prep genyen metòd pou kontakte paran yo ak lòt manm fanmi yo tout tan. Sa genyen yon gwo enpòtans nan ka ijans yo, ka maladi, oswa konpòtman ki mande kontak fanmi an. Paran yo dwe enfòm biwo a konsènan demenajman, chanjman kay oswa chanjman nan nimewo telefòn dijans, adrès ak/oswa lye anplwa yo osito posib.

Nan ka yon ijans, paran oswa gadyen legal yo dwe kontakte Biwo Resepsyon an swa nan telefòn oswa an pèsòn. Nan nenpòt sikonstans paran oswa gadyen legal yo pa dwe kontakte entelektyèl yo nan saldeklas yo a oswa eseye retire entelektyèl la nan batiman an san enfòm epi resevwa pèmisyon nan men manm pèsònèl nan Biwo Resepsyon an.

### **ENPLIKASYON PARAN**

Enplikasyon paran nan lavi edikatif yon timoun enpòtan anpil pou reyisit yon timoun. Nou ankouraje paran yo pou devlope patenarya pozitif ki solid avèk Circle City Prep.

#### *Vizit nan Klas yo*

Lekòl nou an genyen yon politik pòt ouvèt ki pèmèt paran yo antre nan klas la nenpòt lè aprè premye mwa lekòl la avèk yon avi 24 èdtan alavans. Pandan kòmansman lekòl la, li enpòtan anpil pou entelektyèl yo fè tranzisyon nan nouvo anviwònman yo a, epi prezans paran nan saldeklas la ka ralanti pwosesis sa a. Aprè jounen pòt ouvèt nou an, nou ankouraje paran yo pou vini antre nan saldeklas la epi wè pwofesè ekstrawòdinè nou yo ak entelektyèl yo nan travay la. Pandan obsèvasyon nan saldeklas la, yo mande paran yo pou pa pètibe edikasyon timoun yo a oswa lòt timoun yo oswa pou pa eseye fè konvèsasyon endividyèl avèk pwofesè a pandan moman ansèyman an. Yo pral mande paran ki pètibe pwosesis edikatif la pou yo ale. Paran yo dwe enskri nan Biwo Resepsyon an anvan yo vizite yon saldeklas epi mete yon pòt badj pandan yo nan Circle City Prep.

#### *Sikilè Circle City Prep*

Yo pral voye yon Sikilè chak semèn ki genyen mizajou ki genyen ladan pwochen evènman yo, dat ki enpòtan yo, epi yo voye lòt enfòmasyon enpòtan lakay yo chak semèn nan Vandredi. Bilten enfòmasyon yo pral genyen



enfòmasyon ki esansyèl sou pwochen evènman lekòl yo, epi yo mande paran yo pou li bilten enfòmasyon yo avèk atansyon.

### *Konferans avèk Paran*

Konferans ant paran ak pwofesè yo se yon konpozan ki enpòtan anpil nan pwogram edikatif nou an. Yo egzije paran yo pou asiste konferans yo nan fen chak semèn ak nan lòt lè yo jan pwofesè saldeklas la oswa Chèf Lekòl la mande sa. Paran yo dwe planifye pou asiste yon konferans 15 minit pandan jounen lekòl la oswa pandan aswè sa. Paran yo kapab vini avèk timoun yo, men yo dwe sipèvize yo pandan yo nan lekòl la.

### **POLITIK TIT IX LA**

Si nenpòt paran/gadyen legal kwè ke limenm, oswa entelektyèl li a te tonbe anba asèlman, li dwe depoze yon plent bay Chèf Lekòl la (Kowòdonatè Tit IX la) nan [317-643-4209](tel:317-643-4209) oswa [mmurphy@circlecityprep.org](mailto:mmurphy@circlecityprep.org). Sa kapab fèt alekri oswa aloral.

Yo prevwa pou tout paran/gadyen legal yo konnen ke espesyalman, jan sa mansyone anwo a, lè yon moun fè yon zak reprezay kont yon lòt moun ki te depoze yon plent pou asèlman, ak zak reprezay kont moun paske li kowopere avèk yon ankèt sou yon plent sou asèlman, sa ilegal epi òganizasyon sa a p ap tolere sa.

### **BYEN KI PÈDI AK BYEN YO VOLE**

Nou fòtman ankouraje fanmi yo pou asire ke entelektyèl yo pa pote objè ki genyen valè nan lekòl la. Yo pral konfiske tout atik ke entelektyèl yo pote nan lekòl la ki kapab lakoz pètibasyon nan Circle City Prep. Nou fè efò ki rezonab pou retounen tout byen pèsònèl yo bay paran ki apwopriye a; sepandan, Circle City Prep pa responsab pou ranplase byen ki pèdi, ki andomaje oswa ki vole oswa yo p ap konpanse fanmi an pou valè byen sa a.

### **TRANSPÒ**

Circle City Prep pa bay transpò eksteryè. Nou fòtman ankouraje fanmi yo pou kowòdone aranjman yon sèl machin youn avèk lòt.

### *Aranjman pou Transpò*

Sèvis transpò espesyal pou entelektyèl ki genyen andikap yo deklare nan Plan Edikasyon Pèsònèl yo a (IEP) oswa nan Plan Seksyon 504 la.

### *Pase Chèche Entelektyèl La*

Paran/gadyen legal oswa reprezantan yo kapab pase chèche entelektyèl yo dirèkteman nan lekòl la nan lè yo lage a epi se sèlman moun ki genyen konsantman alekri alavans ki kapab pase chèche entelektyèl yo. Pandan dènye 30 minit aprè jounen lekòl la, yo p ap otorize okenn vizitè antre nan batiman an paske sa deranje pwosesis pou lage elèv yo san danje, epi annòd. Anplis, Paran yo pa kapab ale nan saldeklas la pou pran entelektyèl yo anvan lè regilye pou lage a paske sa deranje klas la anpil. Okenn moun, sof moun ki dezinye yo p ap genyen otorizasyon pou pase chèche entelektyèl yo. Yo pral mennen entelektyèl yo nan machin nan pa mwayen antre Circle City Prep la sou kotè lès batiman an. **Yo mande paran yo pou rete nan machin yo a, avèk mizik/radyo a nan yon volim ki ba epi siy pou endike kote pou pase pran elèv la akwoche sou retwovizè a**

### *Depoze Elèv*

Fanmi ki kondwi entelektyèl yo nan lekòl la nan maten pakin sou wout deyò antre Circle City Prep la epi tann yon manm pèsònèl pou louvri pòt machin nan anvan yo kite timoun yo a soti nan machin nan. Pòt nou yo louvri a 7:25 am. Nan lè sa a, yon manm pèsònèl Circle City Prep pral la pou akeyi machin nan epi akonpanye entelektyèl yo an sekirite nan batiman an. Entelektyèl yo dwe chita nan kote pasaje a nan machin nan (bò twotwa a) avèk dosye Devwa yo deyò avèk sakado ak djakèt yo sou yo. Pou fasilite yon bon pwosesis pou arive a, **yo mande paran yo pou yo pa pakin oswa pou pa soti nan veyikil yo pandan y ap depoze timoun.**

### **NITRISYON**

### **TI DEJNE AK MANJE MIDI NAN LEKÒL**

Circle City Prep patisipe nan Pwogram Elijiblite Kominotè a, ki bay repa gratis ak lèt gratis pou tout entelektyèl yo. Sa genyen ladan ti dejne, manje midi, ak yon ti goute chak jou.

Ane sa a, Circle City Prep pral ofri chwa repa pou entelektyèl yo pa mwayen pwogram Ofri vs. Sèvi (Offer vs. Serve) a. Sa vle di pou ti dejne ak manje midi a, yo pral otorize entelektyèl yo chwazi pami plizyè konpozan repa. Pou ti dejne yo, entelektyèl yo dwe pran twa nan atik yo ofri yo epi youn nan atik yo dwe yon pòsyon 1/2 tas fwi ak legim. Pou manje midi a, entelektyèl yo dwe pran omwen twa konpozan epi yon atik dwe yon pòsyon 1/2 tas fwi oswa legim.

Yo sèvi ti dejne a ant 7:25 jiska 7:45 a.m. Entelektyèl ki rive aprè 7:46 a.m. yo p ap resevwa ti dejne. Entelektyèl yo kapab resevwa ti dejne ak manje midi nan Circle City Prep oswa pote pwòp manje midi yo soti lakay yo.

Entelektyèl yo ka pote manje midi yo soti lakay yo, men yo p ap genyen aksè ak yon maykwowev pou chofe okenn manje midi. Tanpri asire ke manje midi ou voye avèk entelektyèl ou an konplè: yon pwoteyin, yon glisid, yon fwi oswa yon legim. Si ou voye yon entelektyèl avèk yon manje midi ki pa konplè, yo pral sèvi l yon manje midi. Yo fòtman dekouraje bwason gazez pou rejim oswa bwason gazez regilye yo, bwason sikre (tankou bwason espòtif), tchips ak sirèk ki pa bon pou sante yo nan lekòl la, menm nan manje midi ki soti lakay yo. Yo kapab mande entelektyèl yo pou sere atik sa yo pou yo manje lakay yo.

## **POLITIK SOU TI GOUTE NAN LEKÒL LA**

Paske nou vle asire ke entelektyèl nou yo nourri avèk enèji yo bezwen pou travay ak tout fòs yo nan lekòl la, nou genyen yon politik sou tip ti goute ki otorize nan batiman an. Entelektyèl yo genyen ti goute nan aprèmidi epi nou toujou ofri yon fwi oswa lòt ti goute ki bay enèji (tankou pretzèl, ble antye, pwason wouj, yogout, oswa fwomaj string). Entelektyèl yo pa bezwen pote ti goute soti lakay yo. Si yo pote yon ti goute soti lakay yo, asire ke li genyen yon pwofil nitritif ki pozitif. Panse ak ti goute tankou ba fwi, ba granola, seleri, kawòt, pòm ak ti goute fwi sèk. Si yon ti goute ap kreye distraksyon oswa ale kont politik byennèt lekòl la, pwofesè saldeklas la pral mande entelektyèl la pou pote ti goute a lakay li epi manje yon ti goute Circle City Prep pito.

## **ALÈJI ALIMANTÈ**

Circle City Prep pral fè tout efò ki rezonab pou adapte entelektyèl yo ki souffri alèji alimantè yo. Paran yo genyen obligasyon pou enfòmè Circle City Prep epi ranpli fòmilè sante ki nesèsè yo. Yon fwa paran yo enfòmè Circle City Prep, responsab lekòl yo pral rankontre avèk fanmi an pou kapab devlope yon Plan Swen Sante Endividyèl. Yo entèdi tout entelektyèl yo pataje oswa echanje manje.

**Circle City prep menti yon anviwònman ki san nwa (nut) akoz plizyè alèji entelektyèl yo.** Konsa, tanpri pa mete okenn pwodwi ki genyen nwa nan manje midi timoun ou an.

## **SELEBRASYON ANIVÈSÈ**

Yo otorize entelektyèl yo pou pote friyandiz ki achte nan magazen pou kapab pataje avèk kamarad klas yo si yo enfòmè pwofesè a alavans. Ou ka enfòmè pwofesè a pandan w ap voye yon nòt oswa pandan w ap kite yon mesaj. Friyandiz yo dwe te deja prepare nan pòsyon endividyèl epi pa dwe genyen okenn nwa. Friyandiz yo ka pataje avèk saldeklas entelektyèl la apati 3:35-3:50 Lendi – Jedi ak 12:00-12:20 Vandredi. Yo mande paran yo pou yo rive senk minit anvan lè a pou enskri nan biwo resepsyon an. Selebrasyon anivèsè yo p ap fèt pandan manje midi a pou evite entèferans avèk pwogram sèvis alimantè nou an.

Sonje, si timoun ou an pa selebre anivèsè, oswa si yo pa genyen otorizasyon pou selebre anivèsè, tanpri voye yon nòt alekri ki enfòmè nou ke timoun ou an p ap patisipe nan selebrasyon anivèsè yo. Nòt sa a pral konsève nan dosye li.

## **POLITIK SOU BYENNÈT**

Circle City Prep genyen yon politik sou byennèt ki solid ki disponib sou sit entènèt la. Lekòl la ap fè patenarya avèk yon òganizasyon kominotè lokal pou aktivman chèche kontribisyon ak pou revize politik byennèt la pou kapab yon deklarasyon reyalizab ki reflekte valè sa tout manm yo nan kominote nou an angaje pou fè pou kapab amelyore byennèt jeneral lekòl nou an. Sa genyen ladan politik sou repa nan lekòl, ti goute, aktivite fizik, ak sante mantal. Si ou enterese fè pati pwosesis sa a, voye yon imèl bay Courtney Eckerle nan [ceckerle@circlecityprep.org](mailto:ceckerle@circlecityprep.org).

## **DOSYE ENTELEKTYÈL YO**

Aksè epi Demann Kopi: Yon paran genyen dwa pou mande aksè nan fichye dosye entelektyèl timoun li a. Tout demann pou enspekte oswa pou kopye dosye entelektyèl la dwe fèt alekri. Pandan revizyon dosye entelektyèl la, si yon paran oswa yon entelektyèl dekouvri ke dosye entelektyèl li a genyen ladan enfòmasyon ki pa egzat, fo enfòmasyon, enfòmasyon ki pa nesèsè oswa enfòmasyon ki pa apwopriye, fanmi an dwe atire atansyon Chèf Lekòl la sou enfòmasyon sa yo. Tout demann pou jwenn aksè nan dosye yo oswa pou kopye yo dwe adrese ak Manadjè Biwo Resepsyon an.

Konfidansyalite: Lwa sou Vi Prive ak Dwa Edikatif Familyal la (FERPA) mande konsantman yon paran, yon gadyen legal, yon entelektyèl ki elijib pou kapab pibliye dosye edikasyon entelektyèl la. Yon entelektyèl ki elijib se yon entelektyèl ki te atenn laj dizwit ane (18). Circle City Prep p ap pibliye dosye yon entelektyèl bay okenn moun ki pa otorize pou resevwa dosye a, san resevwa yon fòmilè piblikasyon dosye lekòl la ki valid, ki siyen oswa yon òdonans tribinal ki valid.

Circle City Prep kapab pibliye dosye yo san konsantman nan kondisyon sa yo:

- Responsab lekòl yo ki genyen enterè edikatif legal
- Lòt lekòl ke y ap transfere entelektyèl la ladan
- Responsab ki presize pou rezon odit oswa evalyasyon
- Pati ki apwopriye yo ki lye ak èd finansye avèk yon entelektyèl
- Òganizasyon k ap fè sèten etid pou Circle City Prep oswa nan non li
- Òganizasyon akreditasyon yo
- Pou respèkte òdonans jidisyè oswa yon sitasyon ki legalman pibliye
- Responsab ki apwopriye nan ka ijans sante ak ijans sekirite yo
- Otorite eta ak otorite lokal yo, nan sistèm jistis pou minè, selon Lwa Eta ki espesifik la

Foto, Videyo, Odyo, Kòmantè ki Anrejistre: Nan objektif pou pibliye reyalizasyon entelektyèl yo ak reyalizasyon lekòl la, ak/oswa pou dokimante ak pou etidye pratik pwofesè a, Circle City Prep Charter School genyen yon pratik pou anrejistre lavi entelektyèl la avèk foto, videyo, odyo, oswa kòmantè ki anrejistre otreman. Nan ka yon paran oswa yon entelektyèl ki elijib pa dakò ak piblikasyon nenpòt nan sa yo ki anwo a, paran/entelektyèl ki elijib la kapab deklare objeksyon sa a alekri atravè fòmilè difizyon medya a bay Chèf Lekòl la. Paran yo te deja siyen fòmilè konsantman yo nan pakè enskripsyon yo a. Si yo pa resevwa yon objeksyon alekri, yo kapab difize nenpòt nan sa yo ki anwo a san lòt avi oswa san lòt konsantman.

## NON-DISKRIMINASYON

Circle City Preparatory Charter School pa fè diskriminasyon sou admisyon, aksè, trètman, oswa anplwa nan sèvis li yo, pwogram ak aktivite yo, sou baz ras, koulè, relijyon, sèks oswa orijin nasyonal, selon Tit VI ak Tit VII nan Lwa 1964 nan Dwa Sivil la (Tit VI ak Tit VII); sou baz sèks, idantite ak/oswa ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl oswa eta sivil selon Tit IX nan Amanman 1972 sou Edikasyon an; sou baz andikap, selon Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyadaptasyon an (Seksyon 504) ak Tit II nan Lwa 1990 sou Ameriken ki Andikape yo (ADA); sou baz laj, selon Lwa 1974 sou Diskriminasyon Akoz Laj nan Travay (ADEA); oswa sou baz nenpòt lòt kayegori ki pwoteje selon lwa eta ak lwa federal la.

## UTILIZASYON CHROMEBOOK

Circle City Prep bay entelektyèl yo Chromebook pou utilize nan saldeklas yo a chak jou. Itilizasyon òdinatè sa yo se pou amelyore objektif chak jou nan lekti ak nan matematik. Tout *domaj entansyonèl oswa domaj akoz neglijan* nan yon òdinatè (sètadi, rache touch, frape òdinatè a, gate kask ekoutè, vide likid sou òdinatè a, elatriye) pral lakoz yo faktire yon frè sou elèv la pou kouvri frè reparasyon/ranplasman an, ki pa depase frè inisyal inite a mwens devalorizasyon an. Entelektyèl yo kapab pa anmezi pou jwenn aksè nan yon nouvo òdinatè jiskaske yo peye tout frè yo oswa jiskaske paran/gadyen legal la kontakte biwo resepsyon an.

Pyès ki Andomaje	Frè
Chajè ki disparèt/ki gate	\$20
Touch ki manke	\$2
Ekran ki fisire/andomaje	\$100

Lantiy ki grave souri/kamera	\$40
Desen ki fèt sou yo	\$20-\$50
Konplètman gate	\$100-\$150
Disparèt/pa retounen	\$200

## POLITIK SOU UTILIZASYON ENTÈNÈT

### I. Itilizasyon ki Akseptab

Entènèt la se rezo global ki lye òdinatè nan tout monn lan. Circle City Prep ofri aksè nan Entènèt pou entelekyèl yo ak pou manm pèsònèl la. Objektif prensipal ki genyen lè yo bay aksè nan Entènèt se pou soutni misyon edikatif Circle City Prep la. Circle City Prep prevwa pou entelekyèl ak manm pèsònèl yo itilize aksè sa a nan yon fason ki respèkte objektif sa a. Byenke Entènèt la se yon resous ekstrawòdinè pou enfòmasyon elektwonik, li kapab genyen pwen negatif tou. Circle City Prep pa fè okenn garanti, keseswa yon fason enplisit oswa eksplisit, pou sèvis l ap bay yo. Circle City Prep p ap responsab pou ak kont okenn responsablite, domaj oswa pou swit ki kapab prezante akòz oswa lye ak itilizasyon entelekyèl la oswa itilizasyon manm pèsònèl la fè de Entènèt Circle City Prep la, rezo lekòl la, ak/oswa òdinatè yo. Circle City Prep pa fè okenn garanti, yon fason enplisit oswa yon lòt fason, konsènan fyabilite reyèl done ki disponib sou Entènèt la. Itilizatè sèvis Entènèt Circle City Prep yo asime tout responsablite pou tout frè, responsablite, oswa domaj ki soti nan fason yo chwazi itilize aksè yo genyen nan Entènèt la.

### II. Itilizasyon ki Pa Akseptab

Sa a se yon lis konpòtman ki entèdi yo. Lis sa a pa konplè men li ilistre itilizasyon ki pa akseptab de Sèvis Entènèt Circle City Prep la:

- Piblikasyon, itilizasyon oswa difizyon enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl sou limenm oswa sou lòt moun, ki genyen ladan, men pa limite ak nimewo kont Entènèt, modpas, elatriye;
- Aksede, voye oswa transfere materyèl oswa kominikasyon ki difamatwa, abizif, pònografik, obsèn, pwofàn, ki seksyèlman eksplisit, ki menasan, ki fè asèlman, ki ofansif sou plan rasyal oswa seksyèl, oswa ki ilegal;
- Itilizasyon sèvis Entènèt la pou aktivite ilegal tankou pou jwenn aksè ki pa otorize nan lòt sistèm, fè aranjman pou vann oswa pou achte dwòg oswa alkòl, pou patisipe nan aktivite gang kriminel, pou menase lòt moun, pou transfere materyèl ki obsèn, oswa pou eseye fè nenpòt sa ki anwo a;
- Vandalizasyon òdinatè lekòl yo pandan y ap lakoz domaj fizik, rekonfigirasyon sistèm òdinatè a, tantativ pou deranje sistèm òdinatè a, oswa destriksyon done avèk pwopagasyon viris oswa pa nenpòt lòt mwayen;
- Kopye oswa telechaje materyèl ki genyen dwadotè san otorizasyon moun ki genyen dwadotè a, sof si kopi yo itilize pou ansèyman (ki genyen ladan plizyè kopi pou itilize nan saldeklas la), bousdetid, oswa rechèch jan sa detèmine pa manm pèsònèl lekòl la. Itilizatè yo pa dwe kopye oswa transfere oswa kopye ak telechaje okenn materyèl ki genyen dwadotè san apwobasyon Chèf Lekòl la, ni itilizatè yo pa dwe vyole okenn akò lisans lojisyèl, oswa nenpòt lwa federal, lwa eta oswa lwa lokal konsènan dwadotè yo;
- Yo anile oswa sispann itilizasyon rezo a oswa Entènèt la san privilèj; epi
- Kopye motamo pou triche ak materyèl yo jwenn sou Entènèt la. Tout materyèl yo jwenn sou Entènèt la epi ki enkli nan pwòp travay yo dwe genyen sitasyon epi kredite avèk non oswa adrès elektwonik oswa yon chemen sou Entènèt la. Enfòmasyon yo jwenn atravè Imèl oswa sous nouvell yo dwe kredite tou kòm sous.

Tout vyolasyon politik ki anwo a kapab fè yo pèdi òdinatè a, priyilèj Entènèt ak rezo, ak aksyon disiplinè ki posib ak/oswa aksyon legal ki apwopriye (*Gade Vyolasyon yo anba a*).

### III. Pwoblèm Sekirite

Sa yo ki swiv la se règ sekirite debaz ki asosye avèk tout tip aplikasyon sou Entènèt.

- Pa janm revele *okenn* enfòmasyon ki idantifye moun tankou non fanmi, laj, oswa adrès, nimewo telefòn, non paran, anplwayè paran yo oswa adrès travay, oswa foto.

- Itilize touch “retou” a nenpòt lè ou tonbe sou yon sit ou kwè ki pa apwopriye oswa ki fè w santi w pa alèz.
- Deklare sa bay yon pwofesè touswit si ou resevwa yon mesaj ke ou kwè ki pa apwopriye oswa ki fè w santi w pa alèz.
- Pa janm pataje modpas ou oswa pa janm itilize modpas yon lòt moun. Yo bay modpas entènèt yo pou chak itilizatè kapab itilize yon fason pèsònèl. Si ou sispèk ke yon moun te dekouvri modpas ou an, ou dwe chanje l touswit epi enfòmasyon yon pwofesè.

### **Politik pou Sekirite sou Entènèt**

Se politik Lekòl la pou: (a) anpeche aksè itilizatè a sou rezo enfòmasyon yo pou, oswa transmisyon materyèl ki pa apwopriye sou entènèt, mesaj elektwonik oswa lòt fòm kominikasyon elektwonik dirèk; (b) anpeche aksè ki pa otorize ak lòt aktivite ilegal sou entènèt; (c) anpeche divilgasyon ki pa otorize sou entènèt, oswa itilizasyon oswa difizyon enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl sou minè; epi (d) respèkte Lwa sou Pwoteksyon Timoun sou Entènèt la [pub. L. No. 106-554 ak 47 USC 254(h)].

### **Aksè nan Materyèl ki pa Apwopriye**

Nan mezi sa posib, mezi pwoteksyon pou teknoloji (oswa “Filtè sou entènèt”) pral itilize pou bloke oswa pou filtre Entènèt la, oswa lòt fòm kominikasyon elektwonik, aksè nan enfòmasyon ki pa apwopriye. Yon fason espesifik, jan Lwa sou Pwoteksyon Timoun sou Entènèt la egzije sa, blokaj la konsène reprezantasyon vizyèl oswa materyèl yo jije ki obsèn oswa ki se pònografi timoun, oswa nenpòt materyèl yo jije ki danjre pou minè. Sou sipèvizyon manm pèsònèl la, mezi pwoteksyon pou teknoloji yo kapab dezaktive pou adilt yo oswa, nan ka minè yo, yo kapab redwi yo sèlman pou rechèch bon fwa (bona fide) oswa lòt rezon legal.

### **Itilizasyon ki Pa Apwopriye Sou Rezo**

Nan mezi sa posib, yo pral pran mezi pou ankouraje site ak sekirite itilizatè yo nan rezo enfòmasyon sou entènèt Lekòl la lè y ap itilize mesajri elektwonik, salon diskisyon yo, mesajri enstantane, ak lòt fòm kominikasyon elektwonik dirèk. Yon fason espesifik, jan Lwa sou Pwoteksyon Timoun sou Entènèt la egzije sa, prevansyon itilizasyon ki pa apwopriye sou rezo a genyen ladan: (a) aksè ki pa otorize, ki genyen ladan sa yo rele ‘pirataj,’ ak lòt aktivite ilegal yo; ak (b) divilgasyon ki pa apwopriye, itilizasyon, ak difizyon enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl konsènan minè yo.

### **Edikasyon Sipèvizyon ak Kontwòl**

Se pral responsablite tout manm pèsònèl Lekòl la pou edike, sipèvize ak kontwole itilizasyon ki apwopriye sou rezo enfòmasyon sou entènèt la ak aksè nan entènèt selon politik sa a, Lwa sou Pwoteksyon Timoun sou Entènèt la, Lwa sou Pwoteksyon Timoun sou Entènèt nan Katye, ak Lwa sou Pwoteksyon Timoun nan 21<sup>yèm</sup> Syèk la. Pwosedi pou dezaktive oswa otremman pou modifiye tout mezi pwoteksyon teknoloji yo se pral responsablite Chèf Lekòl la oswa reprezantan ki dezinye yo.

Chèf Lekòl la oswa reprezantan ki dezinye yo pral bay fòmasyon ki apwopriye ak laj pou elèv ki itilize enstalasyon entènèt Lekòl la. Fòmasyon yo bay la pral fèt pou ankouraje angajman Lekòl la nan:

- a) Nòm ak itilizasyon ki akseptab nan sèvis sou Entènèt yo jan sa defini nan Politik sou Sekirite Entènèt Lekòl la;
- b) Sekirite elèv la pou sa ki konsène:
  - i. Sekirite sou entènèt la;
  - ii. Konpòtman ki apwopriye pandan li sou entènèt, sou sit entènèt rezo sosyal yo, pandan li nan salon konvèsasyon yo; epi
  - iii. Sansibilizasyon ak entèvansyon kont sibè-entimidasyon.
- c) Selon egzijans tarif elektwonik nan Lwa sou Pwoteksyon Timoun sou Entènèt la (“CIPA”)

### **Vi Prive**

Itilizatè yo pa dwe genyen yon atant sou vi prive oswa konfidansyalite nan kontni kominikasyon elektwonik oswa lòt fichye enfòmasyon yo voye oswa yo resevwa sou rezo enfòmasyon Circle City Prep la oswa ki konsève nan repètwa itilizatè a oswa sou yon disk di. Circle City Prep genyen dwa pou egzamine tout done ki enplike

itilizasyon itilizatè a sou sèvis Entènèt Circle City Prep la. Mesaj sou entènèt yo se kominikasyon piblik epi yo pa prive. Tout kominikasyon ki genyen ladan tèks ak imaj kapab divilge bay fòsdelòd yo oswa bay lòt tyès pati san konsantman alavans moun ki voye oswa moun ki resevwa yo a. Administratè rezo yo kapab revize kominikasyon yo pou mentni integrite nan tout sistèm nan ak pou asire ke itilizatè yo ap itilize sistèm nan yon fason ki responsab.

### **Vyolasyon**

Aksè nan sèvis Entènèt Circle City Prep la se yon privilèj epi se pa yon dwa. Circle City Prep genyen dwa pou refize, anile oswa sispann privilèj espesifik itilizatè yo ak/oswa pran lòt aksyon disiplinè, ki ka rive jwèk sispannyon, ekspilsyon (entelektyèl yo), oswa revokasyon (manm pèsònèl la) pou vyolasyon politik sa a. Circle City Prep pral enfòmè ajans fòsdelòd ki apwopriye yo konsènan aktivite ilegal ki reyalize atravè sèvis Entènèt Circle City Prep la. Epi Circle City Prep pral kowopere konplètman avèk responsab lokal yo, eta a, ak/oswa responsab federal yo nan tout ankèt ki lye ak nenpòt aktivite ilegal ki reyalize atravè sèvis la.

### **POZ AK AKSIDAN ENTELEKTYÈL LA NAN TVALÈT LA**

Circle City Prep bay 3-4 poz konplè pou ale nan twalèt la chak jou epi yo ankouraje Entelektyèl yo pou itilize enstalasyon yo nan moman sa yo. Poz endividyèl nan twalèt la deranje aprantisaj la epi manm pèsònèl la pa kontwole yo. Konsa, yo fòtman dekouraje yo. Si yon Entelektyèl bezwen pliz okazyon pou itilize twalèt la, paran/gadyen legal la (yo) dwe bay biwo resepsyon an yon nòt doktè anvan yo fè aranjman sa a.

*Paran entelektyèl Jadendanfan ak lòt entelektyèl ki pi gran yo ki te deja genyen aksidan nan twalèt genyen obligasyon pou voye yon lòt pè pantalon, souvètman, ak chosèt bay lekòl la. Timoun ou an ka byen vit epi byen fasil chanje rad li yo si paran an te bay yon chanjman rad. Si yon timoun fè yon aksidan epi li pa genyen yon rad pou chanje l, nou pral prete l pantalon ak souvètman (lè sa posib) pou timoun nan epi nou mande pou lave l epi retounen l bay lekòl la. Yo kapab faktire paran yo pou rad yo pa retounen yo nan lespas 7 jou.*

## POLITIK SOU DISIPLIN

Disiplin pèsonèl se yon konpetans ki devlope ak letan epi ki mande sipò entansyonèl, sipò regilye ak responsablite. Chak Entelektyèl resevwa devlopman sosyal ak emosyonèl nan men pwofesè/konseye saldeklas yo, nan men manm ekip sipò a, ak nan men administratè yo. Pandan y ap sipoze sa ki pi bon, adilt la founi fidbak ak atant ki koyeran bay tout Entelektyèl yo ak kominikasyon ki klè, kominikasyon objektif pou paran ak gadyen legal yo. Nou chèche mete aksan sou aspè pozitif yo avèk rekonpans/distenksyon/opòtinite entrensèk ak ekstrensèk EPI bay sipò siplemantè lè sa posib pou ranfòse konpetans. Sipò sa yo genyen ladan men pa limite ak: ankadreman, gwoup sosyal, konvèsasyon restoratè, gwou travay ant kamarad yo. Nou toujou ankouraje Entelektyèl nou yo pou itilize VWA yo pou defann tèt yo ak pou rezoud difikilte kamarad ak kamarad yo.

Nou pwofonman kwè ke yon konpozan enpòtan nan kilti lekòl nou an se yon estrikti ki previzib ak atant ki koyeran, epi ki dezinye. Estrikti a bay yon kad ki klè pou aprantisaj la fèt ak yon lye ki an sekirite kote entelektyèl yo ka konsantre sou aprantisaj ak sou kwasans yo.

Nou genyen 5 atant esansyèl pou konpòtman ke nou anseye epi ranfòse avèk entelektyèl nou yo. Nan kèk anvwonman lekòl ou kapab tande yo rele sa yo “règ.” Nou chwazi itilize mo “valè” paske nou konnen sa yo pi gwo pase règ. Genyen kòd pou entelektyèl nou yo swiv ki pral sèvi yo tout kote yo ale nan lavi yo. Valè nan tout lekòl nou an kreye lòd ak previzibilite nan saldeklas la, redwi move konpòtman, epi soutni kwasans entelektyèl nou yo antanke elèv ak lidè nan lavi.

ATANT TOUT LEKÒL LA	EGZANP
<b>Montre DETÈMINASYON epi toujou eseye fè tout ou kapab</b>	Mete efò ki solid nan chak grenn travay; Eseye nouvo bagay; Fè fas ak defi ak lidèchip.
<b>Dwe IMAJINATIF epi dwe yon moun ki toujou ap rezoud pwoblèm</b>	Rele pwofesè ou an lè ou bezwen èd pou devwa lakay; Itilize afich ki sou miray pou sonje sa w ap travay sou li a; Mande zanmi ou yo èd.
<b>Montre ENTEGRITE tout tan</b>	Trete koulwa yo, kafeterya yo, ak saldeben yo tankou saldeklas la; Kite bagay yo pi byen pase jan ou te jwenn yo a; Dwe onèt.
<b>Itilize VWA w pou devlope sèvo w ak pou chanje monn lan</b>	Poze epi reponn kesyon; Jwen enspirasyon nan lide kamarad ou yo ak nan lide pwofesè ou an; Defann tèt ou ak lòt moun.
<b>Fè apwòch chak jou avèk ANTOUZYAS ak enèji</b>	Salye adilt ak kamarad klas yo nan batiman an avèk yon vizaj ki briyan chak maten; Patisipe nan aplodisman ak chan yo; Rekonèt lè lòt entelektyèl yo ap byen fè travay yo pandan sèk kominotè yo.

## JESYON KONPÒTMAN

Circle City Prep pral itilize yon pwosesis ki genyen plizyè etap pou konpòtman. Yo pral modelize epi ranfòse atant konpòtman nan tout lekòl la atravè jounen Circle City Prep la. Yo prevwa pou tout entelektyèl yo swiv atant lekòl yo ak atant saldeklas yo. Yo pral soutni entelektyèl yo nan konpòtman sosyal, motivasyon, pwoblèm entèn ak emosyonèl atravè pwogram edikatif karaktè, sistèm tablo koulè a, ekip sipò elèv yo, ak kominikasyon kontini vèbal epi alekri avèk paran ak gadyen legal yo.

### Definisyon Sistèm Jesyon an

- Zetwal ak Tchèk: Entelekyèl yo resevwa “Zetwal” lè yo wè yo depase atant yo. Chak jou, pwofesè yo revize konpòtman espesifik yo avèk entelekyèl ki ka resevwa “Zetwal.” Egzanp yo genyen ladan, men pa limite ak, angaje nan diskou ki genyen respè, diskou ki baze sou prèv, pran yon risk pou pataje yon lide, oswa pran responsablite pou netwaye ak òganize espas. Pwofesè yo anrejistre mak “Tchèk” yo aprè Entelekyèl yo pa satisfè atant yo. Tchèk yo se ti rapèl pou Entelekyèl yo chanje konpòtman.
  - Nan Jadendanfan – 2yèm Ane: Entelekyèl yo ka resevwa jiska de mak Tchèk nan yon blòk kou ki dire 40 minit, sepandan Entelekyèl la pral resevwa yon chanjman koulè sou yon twazyèm Tchèk. Epitou yon Entelekyèl ka resevwa yon Zetwal pou konpòtman eksepsyonèl pandan yon blòk kou ki dire 40 minit. Pou chak twa zetwal ke yon entelekyèl resevwa pandan yon jounen lekòl, li pral resevwa yon Chanjman Koulè jiska pwochen nivo a (gade Sistèm Koulè a anba a).
  - Nan 3<sup>yèm</sup> – 4<sup>yèm</sup> Ane: Nenpòt lè yon Entelekyèl resevwa yon twazyèm Tchèk (menm andeyò yon peryòd kou ki dire 40 minit), li pral resevwa yon chanjman koulè. Pou chak twa zetwal ke yon entelekyèl resevwa pandan yon jounen lekòl, li pral resevwa yon Chanjman Koulè jiska pwochen nivo a (gade Sistèm Koulè a anba a).
- Dean’s List (Lis Dwayen an): Circle City Prep itilize yon platfòm sou entènèt ki rele Dean’s List pou anrejistre mak zetwal ak mak tchèk yo, prezans, ak atant inifòm yo.
- Rapò DRIVE: Yo voye rapò sa a lakay la nan Dosye Devwa Entelekyèl yo epi dwe genyen ladan koulè entelekyèl la pandan jounen an ak yon nòt de pwofesè a. Pwofesè yo travay pou enkli yon nòt pèsònèl yon fwa pa semèn konsènan devlopman akademik ak konpòtmantal Entelekyèl la. Nou mande paran yo pou siyen rapò sa yo chak jou.

#### Pwosesis Nan Klas

Koulè	Konpòtman	Egzanp Konsekans/Rekonpans
Lò	Entelekyèl la te pase yon jounen eksepsyonèl epi li te depase atant saldeklas la.	- Yo voye nòt pozitif lakay li - Enyelekyè la make “lò” sou rapò DRIVE la - Sou bon wout pou resevwa rekonpans chak semèn yo
Vè	Entelekyèl la te genyen yon bon konpòtman pandan tout jounen an epi li te satisfè atant saldeklas la	- Yo voye nòt pozitif lakay li - Enyelekyè la make “vè” sou rapò DRIVE la - Sou bon wout pou resevwa rekonpans chak semèn yo
Jòn	Entelekyèl la te resevwa 3 reyoryantasyon pou konpòtman li.	-Yo voye entelekyèl la pou reyinisyalize biwo nan saldeklas la pandan 2 minit. Entelekyè la make “jòn” sou rapò DRIVE la
Jòn abriko	Entelekyèl yo pa te ajiste konpòtman yo aprè yo te fin chanje koulè a an jòn epi li te bezwen 3 reyoryantasyon anplis.	- Yo voye entelekyèl fè reyinisyalizasyon yo voye l nan klas kamarad la aprè 3 tchèk epi li tann pou diskite avèk yon adilt. - Pwofesè saldeklas yo pral kontakte paran yo pou diskite avèk yo lè sa posib. - Pèt privilèj (retire rekreyasyon, aktivite ochwa, elatriye)
Wouj	Entelekyèl la refize al reyinisyalize biwo a oswa Entelekyèl la resevwa plis pase 3 reyoryantasyon aprè yo fin voye l nan biwo reyinisyalizasyon nan klas la. oswa Entelekyèl la komèt enfraksyon ki grav.	- Ranvwa bay Dwayen Kilti a – Tranzisyon entelekyèl yo nan Sant Devlopman, konferans avèk manm ekip kilti a, fè tout devwa nan klas yo, epi pale avèk paran yo - Pèt privilèj (rekreyasyon, aktivite ochwa, selebrasyon nan saldeklas oswa selebrasyon lekòl konplè)



Entelektyèl ki pa te reponn ak ansèyman ak entèkansyon Nivo 1 an oswa entelektyèl ki pa satisfè kritè pou atant yo pral resevwa lòt sipò pou ansèyman ak sipò pou motivasyon atravè ekip Sipò Elèv nou an ki kapab genyen ladan yon plan konpòtman pèsonalize, yon mentò, fòmasyon nan konpetans, elatriye.

Circle City Prep pral voye rapò DRIVE yo lakay chak swa ki endike ‘Koulè’ timoun ou an te resevwa pandan jou sa a.

## SISTÈM KONSEKANS LAN

Nivo 1	Konsekans
Andeyò tach yo (itilizasyon ki pa apwopriye de zouti oswa kò, pa angaje nan aktivite klas la, son ki deranje)	Konsekans ke pwofesè a bay avèk yon mouvman ki mwens envazif, yon tchèk, ak/oswa konsekans lojik.
Pa respèkte STAR ak HALL nan moman ki apwopriye yo	
Pa swiv direktiv yo nan premye fwa yo bay yo a	
Pa patisipe	
Nivo 2	
Boude (refize pale avèk yon adilt, mete tèt atè)	Mak Tchèk
Mank respè (tankou, klake dan, woule zye, kòm yon repons oditif pou yon tchèk, pale sou adilt yo)	
Pale (andeyò tach la pandan tranzisyon an silans oswa pandan blòk travay yo)	
Pa modifiye konpòtman Nivo 1 an	
Nivo 3	
Jwèt sovaj (kouri nan koulwa a, jwe nan saldeben an, jwe pandan lè travay la)	Konsekans pwofesè a bay pandan l ap itilize estrateji ALL ki anba a:
Takinri (tankou. Ri kamarad yo, itilize mo ki mechan)	
Ti destriksyon minè byen oswa kriz kòlè (tankou. Gwonde, jemi, chire papyè, fè desen sou travay oswa sou liv, fè kontak fizik yon fwa avèk objè tankou miray, biwo, planche)	
	<ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Chanjman koulè ak/oswa konsekans lojik</li> <li>▪ Konvèsasyon</li> <li>▪ Tantativ pou rele lakay li nan Telefòn</li> <li>▪</li> </ul>
Nivo 4	
Konpòtman Nivo 2 ki Repete nan peryòd yon kou	Entelektyèl yo resevwa yon referans andeyò klas la nan Biwo Dwayen an
Dezyèm fwa yon konpòtman Nivo 3 rive nan yon ane lekòl	
Pwofanite (nenpòt mo ki pa apwopriye – si se yon mo ki mechan men pa apwopriye, yo dwe konsidere sa kòm takinri)	
Gwo kriz kòlè oswa destriksyon (choute plizyè fwa, frape, oswa pouse nenpòt objè nan sal la oswa sou miray la, kriye oswa rele byen fò, lanse atik sou yon moun, kraze objè)	
Refi aprè koreksyon (Entelektyèl la pa konfòme l aprè plizyè fwa pwofesè a eseye ki genyen ladan bay Entelektyèl la yon poz pou rekipere l, chanjman koulè, tantativ pou kontakte paran an)	
Lafwit (elwanye l de adilt, elwanye l de zòn ki dezinye, kite saldeklas la san pèmision.	
Nivo 5	
Konpòtman Nivo 3 ki Repete nan menm jounen an aprè li fini tan rekiperasyon an nan Sant Devlopman an	Sou otorite Administratè a (Strong Start, Sispansyon nan Lekòl, Sispansyon Deyò Lekòl,
Konpòtman Nivo 4 la rive plizyè fwa nan yon ane lekòl	
Menas (menas fizik oswa emosyonèl lè genyen yon posiblite ki kredib sou vyolans)	

Entimidasyon oswa Sibè-entimidasyon (defini anba a)	Jounen Refleksyon, Ankèt ki ankou pou Sispansyon)
Asèlman (defini anba a)	
Goumen (patisipasyon mityèl nan yon ensidan ki enplike vyolans fizik volontè)	
Konpòtman Seksyèl ki Pa Apwopriye (tankou. Kondwit fizik oswa kondwit vèbal ki genyen yon nati seksyèl oswa yon konpòtman seksyèl ant pati ki bay konsantman yo nan espas lekòl la oswa nan evènman ki esponsòrizasyon pa lekòl la)	
Asèlman Seksyèl (ki defini anvan sa nan Manyèl la)	

## **KONPÒTMAN AK ENTÈVANSYON AK REKOU**

Lè Chèf Lekòl la jije sa apwopriye, yo kapab mete yon entelektyèl sou yon plan entèvansyon konpòtman pou soutni amelyorasyon konpòtman epi kontwole pwogrè depre ki mennen nan objektif espesifik pou konpòtman yo. Lè sa nesèsè, elèv ki genyen andikap yo pral resevwa plan konpòtman selon espesifikasyon ki masyone nan plan IE oswa plan 504 yo a. Entèvansyon favorab ak aparèy referans yo disponib avèk bezwen ki demontre.

## **PÈT PRIVILÈJ**

Circle City Prep ofri entelektyèl yo anpil privilèj ke yo ka retire kòm yon konsekans pou move konpòtman. Privilèj yo ka pèdi yo genyen ladan: anrichisman, tan ochwa, patisipasyon nan selebrasyon nesans yo, patisipasyon nan sòti edikatif yo, patisipasyon nan aktivite apre lekòl yo, ak sosyalizasyon avèk kamarad klas yo pandan moman ti goute, dejne oswa manje midi.

## **SÒTI EDIKATIF (EKSKISYON)**

Yo itilize sòti edikatif (Ekskisyon) yo kòm yon ensitasyon pou felisite pwogram Circle City Prep la. Se yon privilèj pou patisipe nan sòti edikatif yo epi se pa yon dwa. Si yon entelektyèl pa kenbe valè fondamantal Circle City Prep yo oswa li pa satisfè atant yo pou sòti edikatif yo, yo kapab pa otorize l pou patisipe oswa yo kapab mande pou li akonpanye avèk yon adilt. Si yo planifye yon sòti edikatif pandan lekòl la ap fonksyone a, entelektyèl la pral genyen obligasyon pou rete nan lekòl la. Si yo pa vini nan lekòl la sa pral mennen pèt privilèj pou asiste pwochen sòti edikatif la.

## **STRONG START**

Pou kapab limite tan deyò ansèyman saldeklas la ak pou pi byen soutni Entelektyèl yo pou kapab reyisi nan modèl Circle City Prep la, Entelektyèl yo kapab genyen obligasyon pou patisipe nan pwogram Strong Start nou an. Strong Start mande yon paran, yon mentò familyal oswa yon adilt familyal pou chita avèk Entelektyèl la apati 7:30-11:30 nan espas komen nou an ki angaje nan travay akademik ki planifye ak valè fondamantal ki adapte avèk konvèsasyon yo. Yo mande adilt yo pou limite tan nan teknoloji yo epi angaje Entelektyèl la nan diskisyon ki esansyèl sou teknik sosyo-emosyonèl yo pandan Strong Start yo a. Yon fwa adilt la avèk Entelektyèl la diskite avèk yon manm nan Ekip Kilti nou an, yo tounen akeyi Entelektyèl la nan klas li a pou jounen an. Strong Start se yon etap anvan sispansyon lè sa posib. Si Entelektyèl la pa te montre amelyorasyon ki make nan konpòtman, sa kapab mennen yon sispansyon deyò lekòl la.

## **ZEWÒ TOLERANS POU GOUMEN**

Genyen zewò tolerans pou goumen. Nan prèske tout ka, yo pral mete toude elèv yo nan sispansyon. Yo pral egziye paran yo pou vini lekòl la epi pase chèche elèv ki enplike nan goumen an nan jou ensidan an. Lekòl la ankouraje rezolisyon konfli san vyolans. Yo atann de Entelektyèl yo pou itilize teknik rezolisyon konfli pou jere tout disipit nan yon fason ki pa enplike vyolans. Pwofesè yo pral travay pou idantifye pwoblèm yo epi yo atann de elèv yo pou deklare konfli yo anvan yo agrave.

## **POLITIK SOU ASÈLMAN AK SOU ENTIMIDASYON**

Komisyon Circle City Prep entèdi aksyon asèlman, entimidasyon, pa oswa sou nenpòt elèv oswa pa oswa sou manm kominote lekòl la. Yon anviwònman ki san danje ak yon anviwònman sivil nesèsè pou elèv yo aprann ak

akonpli nòm akademik siperyè yo. Yo defini asèlman, entimidasyon tankou nenpòt jès oswa aksyon alekri, vèbal oswa fizik, oswa tout itilizasyon kominikasyon elektwonik oswa kominikasyon san fil (ki genyen ladan telefòn, telefòn pòtab, òdinatè, oswa tele-avètisè) ki fèt sou teren/pwopriyete lekòl la, nan nenpòt fonksyon ki esponsorize pa lekòl la oswa nan yon otobis epi:

- 1) Ki motive pa nenpòt karakteristik reyèl oswa karakteristik yo pèsevwa, tankou ras, koulè, relijyon, zansèt, orijin nasyonal, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite ak ekspresyon seksyèl, oswa yon andikap mantal, fizik oswa sansoryèl; oswa,
- 2) Pa nenpòt lòt karakteristik distenktiv; epi
- 3) Yon moun ki rezonab dwe konnen, selon sikonstans yo, ke aksyon (yo) pral genyen efè pou nwi yon elèv, pou andomaje byen elèv la; epi
- 4) Genyen efè pou ensilte oswa pou rabese nenpòt elèv oswa gwoup elèv nan yon fason pou lakoz gwo deranjman nan, oswa gwo entèferans avèk bon jan fonksyonman lekòl la.

Circle City Prep prevwa pou entelektyèl yo kondwi tèt yo nan kenbe Valè Fondamantal Detèminasyon yo, Lespri Inisyativ, Entegrite, Vwa, Antouzyas, ak Swen. Anplis, Circle City Prep fòtman ankouraje ke aksyon pasif ka osi siyifikatif ak aksyon aktif yo - temwayaj yon move aksyon ka enplike obsèvatè a. Yo prevwa pou elèv yo fè sa yo ka fè yon fason rezonab epi an sekirite pou detounen yon sitiyasyon epi dwe enfòme tou yon manm pèsonèl Circle City Prep.

Konsekans ak/oswa aksyon korektif pou yon entelektyèl ki komèt yon aksyon asèlman, entimidasyon pral varye tou epi klase selon divès faktè, ki genyen ladan laj devlopman ak nivo matirite pati ki enplike yo, nivo domaj yo, ak nati konpòtman yo, ensidan pase yo oswa modèl konpòtman ak pèfòmans pase oswa modèl konpòtman ak pèfòmans kontini, ak relasyon ant pati ki enplike yo. Pou detèmine si yon aksyon oswa yon ensidan patikilyè konstitiye yon vyolasyon nan politik sa a mande yon detèminasyon sou baz reyalyte ak sikonstans ozalantou yo. Konsekans pou elèv ki komèt aksyon asèlman, entimidasyon yo kapab klase soti nan entèvansyon konpòtmantal pozitif ki ka rive jouk nan sispansyon ak ekspilsyon. Aksyon korektif pou elèv endividyèl ki komèt aksyon sa yo kapab genyen ladan yon evalyasyon konpòtmantal ak/oswa entèvansyon ak sèvis referans ki favorab yo. Konsekans ak/oswa aksyon rekou pou yon manm pèsonèl ki angaje yon aksyon asèlman, entimidasyon se pral disiplin selon politik, pwosedi, ak akò ki aplikab yo.

Lidèchip lekòl la responsab pou resevwa plent ki sipoze vyolasyon politik sa a. Tout anplwaye yo genyen obligasyon pou deklare vyolasyon sipoze ki genyen nan politik sa a ba lidèchip lekòl la. Yo ankouraje tout lòt manm yo nan kominote lekòl la, ki genyen ladan elèv, paran, volontè, ak vizitè yo pou deklare tout aksyon ki kapab yon vyolasyon nan politik sa a. Byenke soumisyon fòmèl rapò sa a pa obligatwa, yo ankouraje pati k ap fè deklarasyon an pou fè deklarasyon an. Rapò aloral yo pral konsidere tankou rapò ofisyèl. Rapò yo kapab fèt yon fason anonim, men aksyon disiplinè fòmèl yo pa kapab baze sèlman sou baz yon rapò anonim. Lidèchip lekòl la, ki genyen ladan Chèf Lekòl la oswa reprezantan Chèf Lekòl la, responsab pou detèmine si yon aksyon konstitiye yon vyolasyon nan politik sa a. Lè yo fè sa, lidèchip lekòl la pral fè yon ankèt rapid, apwofondi epi konplè sou ensidan yo sipoze a pou tout rapò vyolasyon politik ak plent yo.

Kèk aksyon, entimidasyon kapab ensidan izole ki mande pou lekòl la reponn yon fason ki apwopriye anfas moun k ap komèt aksyon yo. Lòt aksyon yo kapab tèlman grav oswa kapab yon pati nan yon pi gran modèl oswa nan yon pwoblèm asèlman sistematik, entimidasyon ke yo mande yon repons swa nan saldeklas la, nan batiman lekòl la oswa nan nivo distri lekòl la oswa pa responsab fòsdelòd yo. Yo pral enfòme paran yo byen vit nan sitiyasyon kote responsab fòsdelòd yo dwe oswa te fè entèvyou avèk elèv yo.

Mezi korektif nan alafwa nivo endividyèl ak nivo enstitisyonèl la pral fèt pou korije konpòtman pwoblèm nan, pou anpeche pwoblèm nan rive ankò, pou pwoteje ak pou bay sipò pou moun ki viktim aksyon an, ak pou pran aksyon korektif pou dokimante pwoblèm sistematik ki lye ak asèlman, ak entimidasyon an. Repons enstitisyonèl yo (sètadi, nan saldeklas, nan batiman lekòl, distri lekòl la) ka varye soti nan sondaj lekòl ak sondaj kominotè, jiska kourye, gwoup diskisyon, adopsyon modèl pwogram prevansyon entimidasyon ki baze sou rechèch, fòmasyon konpetans sosyal pou elèv yo, fòmasyon pou manm pèsonèl ki sètifye ak manm pèsonèl ki pa sètifye

yo, patisipasyon paran yo ak lòt manm ak òganizasyon kominotè yo, prezantasyon ti gwoup oswa gran gwoup pou konplètman abòde aksyon yo ak repons lekòl la kont aksyon yo, nan kontèks konpòtman ki akseptab pou elèv la ak konsekans aksyon sa yo ak enplikasyon responsab fòsdelòd yo, ki genyen ladan responsab resous lekòl yo. Anplis, resous (sètadi, counseling) pral disponib pou sipòte viktim asèlman yo, entimidasyon epi yo pral bay sipò sa yo nan yon fason ki pa estigmatize viktim nan (yo).

Circle City Prep entèdi zak reprezay oswa vajans kont nenpòt moun ki deklare yon aksyon asèlman, entimidasyon, keseswa se elèv la, yon anplwaye lekòl la, yon volontè, oswa yon vizitè. Konsekans ak aksyon korektif ki apwopriye pou yon moun ki angaje nan zak reprezay oswa nan vanjans pral detèmine pa lidèchip lekòl la aprè yo fin konsidere nati ak sikonstans aksyon an. Entelektyèl yo, anplwaye lekòl la, volontè, ak vizitè yo pa kapab fè fo akizasyon sou yon lòt kòm yon mwayen pou reprezay oswa kòm yon mwayen asèlman, oswa entimidasyon.

Konsekans ak aksyon korektif ki apwopriye pou yon elèv ke yo detèmine ki te akize yon lòt elèv pa mwayen asèlman, entimidasyon klase soti nan entèvansyon konpòtman pozitif jiska epi genyen ladan sispansyon oswa ekspilasyon. Konsekans ak aksyon korektif ki apwopriye pou yon anplwaye lekòl yo detèmine ki te fè fo akizasyon sou yon lòt kòm yon mwayen pou asèlman, entimidasyon se pral disiplin selon politik, pwosedi, ak akò ki aplikab yo. Konsekans ak aksyon korektif ki apwopriye pou yon vizitè oswa pou yon volontè ke yo detèmine ki te fè fo akizasyon sou yon lòt kòm yon mwayen pou asèlman, entimidasyon yo pral detèmine pa lidèchip lekòl la aprè yo fin konsidere nati ak sikonstans aksyon an, ki genyen ladan deklarasyon bay responsab fòsdelòd ki apwopriye yo.

Politik sa a, nan kad kòd Kondwit Elèv nan Circle City Prep, aplike ak tout teren lekòl yo ki genyen ladan fonksyon ki esponsòriz pa lekòl la ak otobis lekòl yo. Yo pibliye l sou sit entènèt Circle City Prep la epi yo distribye l chak ane bay tout manm pèsonèl la, elèv, paran ak gadyen legal yo.

## **SEKLIZYON AK KONTRENT**

Yo pral itilize seklizyon ak kontrent sèlman kòm yon dènye rekou, kòm yon mwayen pou mentni yon anvivònman ki san danje epi ki annòd pou aprantisaj. Yo dwe itilize seklizyon ak kontrent sèlman nan mezi sa nesèsè pou prezève sekirite elèv ak manm pèsonèl la. Itilizasyon seklizyon ak kontrent kapab yon konpozan tou nan Plan Entèvansyon Konpòtmantal la (BIP) ak/oswa IEP ki dwe abòde itilizasyon seklizyon ak kontrent epi pral kontwole machaswiv pou itilizasyon mezi sa yo.

Osito posib aprè nenpòt itilizasyon tan poz, kontrent ak/oswa seklizyon, yo pral enfòmè paran oswa gadyen legal yo lè nenpòt nan aksyon sa yo te rive epi yo pral bay yo yon kont detaye sou ensidan an ki genyen ladan sikonstans ki te mennen nan itilizasyon tan poz la, kontrent ak/oswa seklizyon.

## **SISPANSYON AK EKSPILSYON**

Selon kòd 20-33-8-14 Indiana a, motif pou sispansyon oswa ekspilasyon yo aplike lè yon elèv twouve l:

- Nan espas lekòl la touswit anvan oswa pandan lè lekòl yo, oswa touswit aprè lè lekòl la, oswa nan nenpòt lòt moman lè yon gwoup sipò ap itilize lekòl la
- Deyò espas lekòl la pandan yon aktivite, fonksyon, oswa yon evènman lekòl la; oswa
- Pou ale oswa pou soti nan aktivite, fonksyon, oswa evènman lekòl la.

Si yo mete yon entelektyèl nan sispansyon deyò lekòl la pou nenpòt rezon, yo kanpe patisipasyon elèv sa a nan aktivite oswa nan evènman paraskolè yo jiskaske peryòd sispansyon an fini. Yo p ap ranbouse frè aktivite yo pou sesyon an.

*Sispansyon.* Pou kreye ak mentni yon kominote lekòl ki san danje, ki favorab, ki san patipri, epi ki adapte ak kominote ak kilti lekòl la, Circle City Prep pral mete entelektyèl la nan sispansyon de lekòl la lè genyen vyolasyon

ki grav nan politik disiplin yo. Chèf Lekòl la apwouve sispansyon pandan youn jiska twa jou. Chèf Lekòl la dwe deside pou bay sispansyon pandan plis tan aprè li fin diskite avèk manm pèsònèl Circle City Prep la. Yo pral enfòme Konsèy Administrasyon an konsènan tout sispansyon ki depase twa jou. Nan tout ka yo, yo pral enfòme paran oswa gadyen legal yo konsènan yon sispansyon pa mwayen yon lèt ki soti nan men Chèf Lekòl la oswa reprezantan an epi yo pral egziye yo pou asiste yon konferans, ki pwograme alavans, po abòde enkyetid konpòtmantal la anvan entelektyèl la ka retounen lekòl la.

Konpòtman sa yo kapab mennen yon sispansyon nivo 5:

- Asèlman/Entimidasyon lòt moun (ki genyen ladan sibè-entimidasyon)
- Deranje anviwònman edikatif la oswa otreman volontèman defye otorite valid manm pèsònèl, pwofesè, oswa lòt responsab lekòl yo
- Lakoz, eseye lakoz, oswa menase pou lakoz domaj fizik sou yon lòt moun
- Lakoz oswa eseye lakoz domaj nan byen lekòl oswa nan byen prive.
- Vole oswa eseye vole byen lekòl la oswa byen prive
- Posede oswa itilize tabak, alkòl, oswa sibstans kontwole
- Komèt yon aksyon obsèn oswa angaje nan pwofanite oswa vilgarite abityèl
- Avans seksyèl, mande favè seksyèl, oswa lòt kondwit vèbal, oswa kondwit fizik ki genyen yon nati seksyèl
- Lakoz oswa eseye pote domaj sou yon lòt moun atravè langaj rayisman oswa menas vyolans
- Move konpòtman abityèl nivo 4 yo
- Twòp reta oswa absans

**Ekspilsyon.** Pral genyen ekspilsyon sèlman aprè entelektyèl la ak paran entelektyèl la resevwa avi konsènan dwa yo genyen pou prezante nan yon rankont pou ekspilsyon swa an pèsòn oswa atravè kourye sètifye. Lwa Indiana (Kòd Indiana – Seksyon 20-33-8-19) bay Chèf Lekòl la otorite pou ekspilse entelektyèl yo san enplikasyon Komisyon an pou konpòtman sa yo (Kòd Indiana – Seksyon 20-33-8-14): move kondwit ak gwo dezobeyisans. Yon fason espesifik, nou konsidere enfraksyon sa yo pou jistifye konsiderasyon pou ekspilsyon an: Goumen/konpòtman vyolan ki mennen gwo domaj oswa avèk itilizasyon yon zàm; Agresyon ak batri kont yon manm kominote lekòl la; Posesyon yon zamafe oswa nenpòt tip aparèy eksplozif; ak Posesyon, konsomasyon, oswa distribisyon medikaman ilegal oswa medikaman sou preskripsyon ki pa otorize.



## AKÒ PARAN/GADYEN LEGAL NAN CIRCLE CITY PREP

*Antanke yon Paran nan Circle City Prep Charter School, epi nan konsiderasyon prezans entelektyèl la nan Circle City Prep, mwen dakò pou:*

1. Transfòme Circle City Prep an yon anviwònman ki san danje, ki genyen lajwa epi ki baze akonplisman pandan m ap travay an patenarya avèk Manm Pèsonèl ak Pwofesè Circle City Prep yo.
2. Asire ke timoun mwen an rive lekòl la anvan **7:45 a.m.** epi vini lekòl la chak jou. Mwen te li politik sou prezans lan nan manyèl entelektyèl la epi mwen konprann politik Circle City Prep la sou reta, absans ki motive ak absans san motif, ak absans chak ane ki depase 15 jou. Mwen konprann ke entelektyèl mwen an p ap resevwa ti dejne si li rive aprè 7:45 a.m. epi yo p ap janm lage l pi bonè sof si mwen kominike sa 24 èdtan alavans.
3. Asire ke timoun mwen an mete inifòm lekòl ki apwopriye a chak jou, ki genyen ladan polo CCP ak soulye djim, chak jou.
4. Kominike regilyèman avèk pwofesè timoun mwen an sou pèfòmans akademik ak pèfòmans konpòtmantal epi patisipe nan evènman yo nan Circle City Prep: oryantasyon nan ete, sware rantrè lekòl, konferans ant paran ak pwofesè, ak tout konferans yo mande yon fason espesifik.
5. Mentni yon relasyon ki pozitif epi ki konstrikatif avèk pwofesè timoun mwen an, manm pèsonèl ak administratè yo.
6. Asire ke mwen pase chèche timoun an a 1:00 p.m. nan Vandredi, epi a 3:30pm (K-4) ak 4:00 p.m (5-6). nan Lendi-Jedi. Mwen konprann yo pral faktire m yon frè \$1 pa minit lè mwen pase pran l anreta.
7. Verifye epi siyen travay Devwa timoun mwen an ak rapò DRIVE la chak swa.
8. Rèspèkte epi konfòme m avèk tout politik ki genyen nan Manyèl Familyal Circle City Prep la, epi kenbe misyon, valè ak filozofi Circle City Prep yo.

*Lè mwen siyen anba a, mwen rekonèt ke mwen te li Manyèl Familyal la epi mwen dakò ak tout politik lekòl la ki mansyone yo, ki genyen ladan sila yo ki mansyone anwo a, ak Kòd Kondwit la tou.*

---

Non Paran/Gadyen Legal la

---

Paran/Gadyen Legal

---

Dat

---

Non entelektyèl la